Mardiyanto

Cerita Rakyat Kabupaten BOYOLALI

Transkripsi dan Terjemahan

992 31
R

PUSAT BAHASA
DEPARTEMEN PENDIDIKAN NASIONAL

CERITA RAKYAT KABUPATEN BOYOLALI: Transkripsi dan Terjemahan

Diceritakan kembali oleh :
Mardiyanto

PERPUSTAKAAN
PUSAT BAHASA
DEPARTEMEN PENDIDIKAN NASIONAL

PUSAT BAHASA
DEPARTEMEN PENDIDIKAN
NASIONAL
JAKARTA
2005

PERPUSTAKAAN PUSAT BAHASA
Klasifikasi
398.204 992 31
MAR
C
No. Induk : 213
Tgl. : 8/6/2008
Ttd. :
PB

CERITA RAKYAT BOYOLALI:
Transkripsi dan Terjemahan

ISBN 979 685 565 5

Pusat Bahasa
Departemen Pendidikan Nasional
Jalan Daksinapati Barat IV
Rawamangun, Jakarta 13220

HAK CIPTA DILINDUNGI UNDANG-UNDANG

Isi buku ini, baik sebagian maupun seluruhnya, dilarang diperbanyak dalam bentuk apa pun tanpa izin tertulis dari penerbit, kecuali dalam hal pengutipan untuk keperluan penulisan artikel atau karangan ilmiah.

Katalog dalam Terbitan (KDT)

398.204-992.31
MAR C Cerita Rakyat Boyolali/Mardiyanto.—
Jakarta: Pusat Bahasa, 2005.

ISBN 979 685 565 5

1. Cerita Rakyat-Jawa Tengah
2. Cerita Rakyat-Boyolali

KATA PENGANTAR
KEPALA PUSAT BAHASA

Sastra merupakan cermin kehidupan masyarakat pendukungnya, bahkan sastra menjadi ciri identitas dan kemajuan peradaban suatu bangsa. Melalui sastra, orang dapat mengidentifikasi perilaku kelompok masyarakat, bahkan dapat mengenali perilaku dan kepribadian masyarakat pendukungnya. Sastra Indonesia merupakan cermin kehidupan masyarakat Indonesia dan identitas serta kemajuan peradaban bangsa Indonesia. Sastra Indonesia lama merupakan cermin dari masyarakat Indonesia pada zaman itu. Demikian juga, cerita rakyat merupakan gambaran kehidupan rakyat di berbagai wilayah di Indonesia pada masa lalu. Cerita rakyat memiliki nilai-nilai luhur yang masih relevan dengan kehidupan masa kini. Untuk itu, Pusat Bahasa, Departemen Pendidikan Nasional melakukan penelitian tentang cerita rakyat dari berbagai wilayah di Indonesia. Kekayaan akan cerita rakyat itu menggambarkan kekayaan budaya bangsa kita pada masa lalu. Nilai-nilai luhur budaya bangsa yang termuat dalam cerita rakyat itu perlu dipublikasikan kembali agar dapat dijadikan pelajaran bagi anak-anak bangsa dalam menemukan jati dirinya sebagai bangsa Indonesia.

Buku *Buku Cerita Rakyat Boyolal: Transkripsi dan Terjemahani* ini merupakan himpunan cerita rakyat dari Jawa Tengah yang memiliki daya tarik anak-anak dalam menghayati kehidupan alam sekitar. Penerbitan cerita ini diharapkan

dapat memupuk minat baca anak-anak dan dapat memperkaya pengetahuan tentang kehidupan masa lalu di tanah air kita. Untuk itu, kita sampaikan terima kasih kepada peneliti dan pengolah hasil penelitian sehingga menjadi bacaan yang menarik ini.

Jakarta, 5 November 2005 **Dendy Sugono**

UCAPAN TERIMA KASIH

Puji dan syukur saya panjatkan kepada Tuhan Yang Mahakuasa atas tercapainya penyusunan cerita rakyat yang berjudul "Cerita Rakyat Kabupaten Boyolali: Transkripsi dan Terjemahan. Penyusunan ini dibiayai oleh Bagian Proyek Pembinaan Buku Sastra Indonesia dan Daerah, Pusat Bahasa, Departemen Pendidikan Nasional, Jakarta tahun 2004. Sehubungan dengan itu, saya ucapkan terima kasih kepada Dr. Dendy Sugono, Kepala Pusat Bahasa, yang telah memberikan kesempatan kepada saya untuk melakukan penyusunan serita ini; Drs. Abdul Rozak Zaidan, M.A, Kepala Bidang Pengembangan Bahasa dan Sastra, yang telah memberikan arahan sehingga penyusunan cerita ini dapat saya selesaikan. Ucapan terima kasih juga saya sapaikan kepada Drs. Slamet Riyadi Ali, Pemimpim Bagian Proyek Buku Sastra Indonesia dan Daerah, Jakarta, beserta stafnya. Akhirnya, ucapan terima kasih juga saya sampaikan kepada adik saya Heru Sudarnoto, yang telah membantu dalam perekaman-perekaman cerita rakyat Kabupaten Boyolali.

Mudah-mudahan buku ini dapat menambah khasanah sastra Nusantara.

Penyusun

DAFTAR ISI

Kata Pengantar Kepala Pusat Bahasa iii
Ucapan Terima Kasih v
Daftar isi vii
Bab I Pendahuluan 1
Bab II Tanskripsi Cerita Rakyat Sastra LisanKabupaten Boyolali Berbahasa Jawa dan Terjemahan dalam Bahasa Indonesia 3
1. Mula Bukane Kutha Boyolali 3
2. Gamelan Kanjeng Kyai Leses 17
3. Sompil Gripis ing Umbul Pengging 29
4. Jayawirog Ratu Tikus 42
5. Mula Bukane Umbul Tlatar 53
6. Ki Gondolelana Ndalang ing Gunung Gludug 65
7. Wedus Gembel 75
8. Bendhe Kyai Macan 83
9. Ki Ageng Singaprana 93
Daftar Pustaka 103

BAB I
PENDAHULUAN

1.1 Latar belakang dan masalah

Kabupaten Boyolali terletak di Propinsi Jawa Tengah, meliputi areal seluas 1.015,07 kilometer persegi. Di sebelah timur berbatasan dengan Kabupaten Sragen, Kabupaten Karanganyar, dan Kabupaten Sukoharjo. Di sebelah selatan berbatasan dengan Kabupaten Klaten, dan Kabupaten Sleman,Propinsi Daerah Istimewa Yogyakarta. Di sebelah barat berbatasan langsung dengan Kabupaten Magelang dan Kabupaten Semarang. Sedangkan disebelah utara berbatasan langsung dengan Kabupaten Grobogan. Kabupaten Boyolali terdiri atas 19 kecamatan dengan jumlah penduduk berdasarkan sensus penduduk tahun 1990 sebesar 844.156 jiwa.

Dewasa ini tradisi sastra lisan atau cerita rakyat di daerah Kabupaten Boyolali boleh dikatakan sudah jarang. Dikhawatirkan cerita rakyat tersebut perlahan-lahan akan punah. Untuk menyelamatkan cerita rakyat tersebut dari kepunahan perlu diadakan perekaman dari informan secara langsung. Hasil rekaman itu kemudian ditranskripsikan lalu diterjemahkan ke dalam bahasa Indonesia.

1.2 Tujuan Penyusunan

Penelitian ini bertujuan mendiskripsikan cerita rakyat atau sastra lisan Kabupaten Boyolali. Menyajikan sebuah naskah yang berisi sembilan cerita rakyat Kabupaten Boyolali. Cerita-cerita yang telah didiskripsikan tersebut selanjutnya diterjemahkan ke dalam bahasa Indonesia.

1.3 Ruang lingkup

Ruang lingkup penelitian ini adalah cerita rakyat yang tersebat diberbagai daerah Kabupaten Boyolali. Pada kesempatan ini penulis hanya membatasi sembilan cerita rakyat yang dikenal di berbagai daerah Kabupaten Boyolali, baik cerita yang berupa mite, legenda, maupun dongeng. Kesembilan cerita tersebut adalah (1) Asal Mula Nama Kota Boyolali, (2) Gamelan Kanjeng Kyai Leses, (3) Sompil Gripis di Umbul Pengging (4) Jayawirog Si Raja Tikus, (5) Asal Mula Umbul Tlatar, (6) Ki Gondolelana Mendalang di Gunung Gludug, (7) Awan Wedus Gembel, (8) Bendhe Kyai Macan, dan (9) Ki Ageng Singaprana.

1.4 Metode Penelitian dan Kerangka Teori yang Dipergunakan

Metode penelitian yang dipergunakan dalam penelitian ini adalah studi kepustakaan dan penelitian lapangan yang berupa metode diskreptif. Setelah mendata cerita-cerita lisan di berbagai tempat di Kabupaten Boyolali, kemudian diadakan perekaman cerita. Hasil perekaman tersebut kemudian ditranskripsikan. Selanjutnya, transkripsi tersebut diterjemahkan ke dalam bahasa Indonesia.

BAB II
TRANSKRIPSI CERITA PROSA RAKYAT SASTRA LISAN KABUPATEN BOYOLALI BERBAHASA JAWA DAN TERJEMAHAN DALAM BAHASA INDONESIA

1. MULA BUKANE KUTHA BOYOLALI

Ki Ageng Pandanarang iku sawijining Bupati Semarang kang banget sugih bandha donya. Amarga kasinungan bandha iku ndadekake dheweke dadi sombong lan lali ngibadhah. Mung mikirake anggone nglumpukake bandha donya wae. Kuwajiban nyiarake agama islam wis dilalekake. Para wali mangerteni kahanan kasebut dadi cuwa atine. Sabanjure para wali terus ngutus Kanjeng Sunan Kalijaga supaya ngelingake tindake Ki Ageng Pandanarang kang wis nalingsir karo bebener.

Kanjeng Sunan Kalijaga banget bungah atine nampa tugas kasebut. Dheweke banjur ngupaya supaya bisa ngelingake tindake Ki Ageng Pandanarang. Kang kapisan,dadi bakul suket kang nawakake sukete marang Ki Ageng Pandanarang. Suket banjur dituku dening Ki Ageng Pandanarang kanthi rega kang murah banget. Ki Ageng Pandanarang kaget bareng nyumurupi ing bongkokan suket mau ana keris kang endah pamore kagawe

saka emas. Nanging, Ki Ageng Pandanarang ora ngerti menawa pacoban saka para wali.

Sawijining dina, Ki Ageng Pandanarang nganakake syukuran kembul bujana andrawina amarga wis kasil anggone mbangun kraton. Kabeh para Bupati ing pesisir tanah Jawa padha rawuh ing pahargyan iku. Kanjeng Sunan Kalijaga uga rawuh nanging kanthi namur dadi kawula cilik. Ki Ageng Pandanarang ora ngerti, mung ngira menawa ana wong kang melu mangan wae.

Kanjeng Sunan Kalijaga banjur metu saka pendhapa, salin panganggo kang sarwo endah banjur bali menyang papan pahargyan maneh. Ki Ageng Pandanarang pirsa ana tamu agung iku banjur gage-gage mrepegi kanthi kebak pakurmatan.

Sawise rampung anggone padha andrawina, Ki Ageng Pandanarang banjur ngajak para tamu ngubengi kratone. Para tamu tansah ngalembana lan banget anggone gumun marang kaendahane kraton Kadipaten Semaranng. Kanjeng Sunan Kalijaga banjur ngendika menawa kraton Kadipaten Semarang pancen katon endah, nanging kuciwane kaendahan kasebut nyebabake wong dadi lali marang kewjibane. Ki Ageng Pandanarang ora ngrumangsani menawa sejatine pangandikan saka Sunan Kalijaga mau katujokake kanggo ngelingake lakune Ki Ageng Pandanarang kang wis adoh saka bebener. Sunan Kalijaga banget kuciwane amarga Ki Ageng Pandanarang kasindir ora krasa.

Ganep kaping telu, Sunan Kalijaga namur dadi wong ngemis.

Nganggo sandhangan pating sruwal banjur menyang Kadipaten Semarang. Ing wektu iku Ki Ageng Pandanarang lagi mbeneri ngitung dhuwit ing pendhapa. Ngerti ana kere teka, Ki Ageng banjur menehi dhuwit marang wong kuwi, nanging wong ngemis iku ora gelem nampa.

"Aku ora njaluk dhuwit," ujare wong kang namur dadi kere iku, nanging aku njaluk swara bedhug ing Masjid Semarang kene. Lan sira aja mung mikirake bandha donya, amarga urip iku ibarate mung mampir ngombe. Bandha donya ora digawa mati. Ing Swarga kebak barang kang sarwa endah, apa kang disedya bakal ana. Ibarate, macul sepisan bisa ngasilake emas picis rajabrana."

Ki Ageng Pandanarang Banjur duka, "Ora bakal aku nuruti kekarepanmu. Pangucapmu iku mung ngayawara wae."

"Yen sira pengin emas picis rajabrana, mung sakedheping netra aku bisa mujudake,"ujare wong ngemis iku karo macul lemah ping telu, banjur kauncalake tumuju marang Ki Ageng Pandanarang.

Ki Ageng Pandanarang arep nesu, nanging nalika nyumerepi menawa lemah iku banjur malih dadi emas, dheweke mung meneng kami tenggengen.

"Iki genah dudu kere biasa, dheweke duwe kaluwihan" batine Ki Ageng Pandanarang.

Ki Ageng Pandanarang banjur ngrumangsani kekurangane. Saiki lagi eling menawa sawetara wektu iki nampa ujian liwat pralambang-pralambang.

"Kyai, mangga kula aturi pinarak lenggah," ature Ki Ageng Pandanarang marang wong ngemis iku.

Wong ngemis iku banjur munggah menyang pendhapa. Banjur lungguh bebarengan karo Ki Ageng Pandanarang.

"Kula nyuwun gunging pangapunten, awit kula sampun ngremehaken dateng Kyai"ujare Ki Ageng Pandanarang, "Wiwit dinten punika kula badhe meguru dateng Kyai. Kula badhe nyendikani dhawuipun Kyai"

Sunan Kalijaga kang namur dadi wong ngemis iku ora bakal mbukak sapa sejatine dheweke. Sunan Kalijaga banget rena penggalihe amarga kasil ngelingake Ki Ageng Pandanarang.

"Menawa Ki Ageng banget anggone pengin maguru marang aku, aku ora kabotan. Nanging ana syarate," ature wong ngemis iku marang Ki Ageng Pandanarang.

"Kula badhe nyendikani dhawuhipun Kyai, mangga kula aturi parting dhawuh" ujare Ki Ageng Pandanarang kanthi mantep.

"Aku duwe panjaluk telung prekara. Sepisan, wiwit dina iki uga Ki Ageng sregep ngibadah, gawe langgar kang ana bedhuge, ngopeni para santri lan nyiarake agama Islam ing Kadipaten Semarang. Kang ping pindho, Ki Ageng kudu gelem mbayar Zakat, lan genep kaping telune, Ki Ageng kudu gelem ninggalake Kadipaten Semarang lan pindhah menyang Jabalkat" ature Sunan Kalijaga marang Ki Ageng Pandanarang.

"Sedaya dhawuhipun Kyai badhe kula lampahi," ature Ki Ageng Pandanarang kanthi mantep, "Oh, inggih, kula ngantos kesupen mboten nyuwun pirsa sinten sejatosipun Kyai."

"Kang dadi aranku Seh Melaya" saurane pawongan iku, "Wis, aku nyuwun pamit, Muga-muga Ki Ageng pinaringan teguh rahayu slamet."

Ing sakedheping netra wong ngemis iku wis ora katon saka paningale Ki Ageng Pandanarang. Kari Ki Ageng Pandanarang lenggah ijen ing pendhapa sinambi menggalih lelakon kang lagi wae kedaden.

"Banget anggonku keduwung, amarga sasuwene iki lakuku salah. Aku ora mangerteni menawa aku nampa ujian saka wong Agung Seh Malaya. Rasane aku kok kepengin enggal-enggal tumuju menyang Jabalkat, maguru marang dheweke.

Nyi Ageng Kaliwungu uga pengin ndherek menyang Jabalkat karo ngajak putra ragile kang aran Pangeran Jiwa. Ki Ageng Pandanarang marengake keng garwa ndherek menyang Jabalkat waton ora nggawa bandha donya.

Ki Ageng Pandanarang lan garwa banjur manganggo sarwa seta. Dheweke ninggal Kadipaten Semarang tumuju marang Jabalkat tanpa rowang siji-sijia. Sawise tekan tengahing alas dumadakan dicegat dening durjana cacah loro.

"He, Lik!" panggetake salah sijine durjana mau kanthi suara kang sora, "Pilih Bandha apa nyawa ? Tinggalen Bandhamu apa pilih tak tugel gulumu."

"Yen sira pengin bandha donya, rebuten tongkat pring kuning kang digawa garwaku kae" ujare Ki Ageng Pandanarang sinambi nuding wong wadon kang lagi nggendhong bocah cilik, nanging garwa lan putraku aja kok kaniaya.

"Apa? Mung pring kuning kuwi bandha donyamu," durjana iku mbengok sora saja nggetak marang Ki Ageng Pandanarang.

Ki Ageng Pandanarang isih katon tenang.

"Ing njeron pring iku isine emas inten barleyan lan dhuwit dinar."

Sabanjure durjana cacah loro iku ngrebut pring kuning kang diasta dening Nyi Ageng Pandanarang. Sawise pring iku dipecah, pancen nyata isine pring mau emas inten barleyan lan dhuwit dinar.

"Wah, awake dhewe bakal sugih bandha donya" aloke durjana kang wetenge mblendhing.

"Genah, iya" saure kancane kang katon galak praupane,"Iki lagi kang ana sajroning pring kuning kuwi. Kang ana sajroning kandhi kae mesthi isine luwih akeh. Ayo kandhi kae direbut pisan"ujare durjana iku karo ngrebut kandhi kang digawa Nyi Ageng Pandanarang.

Nyi Ageng Kaliwungu mbengok sora njaluk pitulungan marang keng garwa, "Ki Ageng, tulung ...tulung , Ki Ageng."

Krungu sambate keng garwa iku Ki Ageng Pandanarang banjur duka. Durjana loro kasebut banjur disepatani. Durjana kang wetenge mblendhing praupane salin wujud kaya praupane wedhus, kang sabanjure karan Seh Domba. Durjana kang katon kereng praupane salin wujud dadi kaya ula, sabanjure karan Seh Kewel. Durjana iku sabanjure ngaku luputlan njaluk pangapura marang Ki Ageng Pandanarang. Sabanjure durjana cacah loro iku ngabdi marang Ki Ageng Pandanarang.

Sawise ngaso sawetara, Ki Ageng Pandanarang lan Nyi Ageng Kaliwungu banjur nerusake

lakune ngidul mangetan. Seh Domba lan Seh Kewel nginthil ana samburine. Lakune rombongan wis katon adoh banget. Gunung Merapi lan gunung Merbabu wis den liwati. Saka kadohan gunung loro iku katon kaya gunung kembar. Sabanjure banjur ngliwati sapinggire kali Sengon.

Nalika srengenge pas ana ndhuwur sirah, Ki Ageng Pandanarang wis tekan ing kali Tempuran. Tempuran antarane kali Sengon lan kali Klathakan.

"Bening tenan banyune" aloke Ki Ageng Pandanarang sinambi sesuci.

Sabanjure Ki Ageng Pandanarang terus sholat lohor ana ing sajroning watu leter ing satengahing kali tempuran kono, sinambi ngenteni garwane kang isih ketinggalan ana mburi.

Ora let suwe Nyi Ageng Kaliwungu uga wis tekan ing kali Tempuran. Banjur sesuci lan salat ing watu leter iku uga. Dheweke banjur nyawang ing ngarep, Ki Ageng Pandanarang wis ora katon.

"Boya wis lali teka Ki Ageng ninggal aku" grenengane Nyi Ageng Kaliwungu.

Papan kene besok rejaning jaman karan Boyolali.

Saka Boyolali Ki Ageng Pandanaarang lan rombongan nerusake laku mangidul ngliwati alas, sawah-sawah lan padhukuhan. Dheweke terus lumakunganti tekan ing Tembayat. Sabanmjure manggon ana Tembayat, saengga ing tembe mburi kondhang karan Kyai Tembayat.

Terjemahan:

1. ASAL MULA NAMA KOTA BOYOLALI

Ki Ageng Pandanarang adalah Bupati Semarang yang sangat kaya raya. Karena kekayaannya itu ia menjadi sombong dan lupa menjalankan ibadah. Bahkan hanya memikirkan masalah keduniawian saja. Tugas menyebarkan agama islam dilupakan sama sekali. Para wali mengetahui hal itu sangat sedih. Mereka kemudian mengutus Sunan Kalijaga untuk menyadarkan Ki Ageng Pandanarang.

Sunan Kalijaga sangat senang mendapat tugas mulia itu. Ia berupaya menyadarkan Ki Ageng Pandanarang dengan berbagai cara. Pertama, ia menyamar sebagai seorang penjual rumput dan menjual rumputnya kepada Ki Ageng Pandanarang. Rumput itu dibeli Ki Ageng Pandanarang dengan harga murah. Ki Ageng Pandanarang keheranan karena di dalam ikatan rumput itu terselip sebilah keris berpamor indah dan terbuat dari emas. Namun, Ki Ageng Pandanarang tidak mengetahui kalau dirinya sedang diuji.

Suatu ketika Ki Ageng Pandanarang mengadakan pesta syukuran karena telah selesai memugar istananya. Seluruh Bupati di pantai utara Pulau Jawa diundangnya. Pada kesempatan itu Sunan Kalijaga menyamar sebagai rakyat jelata ikut hadir dalam pesta itu. Ki Ageng Pandanarang tidak me-

PERPUSTAKAAN
PUSAT BAHASA
DEPARTEMEN PENDIDIKAN NASIONAL

ngetahuinya, ia mengira orang itu hanya ingin numpang makan saja.

Sunan Kalijaga keluar dari pendapa istana. Ia mencipta pakaian serba mewah lalu memakai pakaian itu dan kembali ke tempat pesta. Ki Ageng Pandanarang melihat ada tamu mengenakan pakaian mewah itu segera menyambutnya dengan ramah.

Setelah acara makan selesai, Ki Ageng Pandanarang mengajak para tamunya mengelilingi istana. Para tamu memuji dan mengagumi keindahan istana Kadipaten Semarang. Sunan Kalijaga berkomentar bahwa istana Ki Ageng Pandanarang memang indah dan megah, tapi sayang keindahan dan kemegahan istana itu membuat orang lupa daratan. Ki Ageng Pandanarang tidak merasa tersindir oleh ucapan itu. Sunan Kalijaga sangat kecewa, namun ia tidak berputus asa.

Untuk ketiga kalinya, Sunan Kalijaga menyamar menjadi seorang pengemis. Ia mengenakan pakaian compang-camping datang ke istana Kadipaten Semarang. Kebetulan pada waktu itu Ki Ageng Pandanarang sedang menghitung uang di pendapa istana. Ki Ageng Pandanarang memberikan uang kepada pengemis itu, tetapi pengemis menolaknya.

"Hamba tidak meminta uang," kata pengemis itu, "Hamba hanya meminta suara suara bedug di masjid Semarang. Dan Tuan jangan hanya memikirkan kekayaan saja karena hidup ini hanya sementara. Harta benda itu tidak akan dibawa mati. Di surga kita tidak akan kekurangan barang yang serba indah, apa pun yang kita kehendaki pasti ada.

Ibaratnya, sekali mencangkul mendapatkan emas satu bongkah."

Ki Ageng Panadanarang sangat marah, "Saya tidak akan menuruti permintaanmu. Perkataanmu itu hanya omong kosong belaka."

"Kalau Tuan ingin sebongkah emas maka dalam waktu sekejap hamba dapat memberikannya," kata pengemis itu seraya mencangkul tiga kali lalu melemparkannya ke hadapan Ki Ageng Pandanarang.

Ki Ageng Pandananrang hendak marah, tetapi begitu melihat tanah itu berubah menjadi emas, ia diam terpaku.

"Pengemis ini bukan pengemis biasa, ia mempunyai kelebihan," gumam Ki Ageng Pandanarang.

Kyai Ageng Pandanarang menyadari kekurangannya. Kini ia baru menyadari kalau selama ini dirinya mendapat berbagai ujian melalui perlambang atau kiaasan.

"Kyai marilah duduk di sini," ajak Ki Ageng Pandanarang kepada pengemis itu.

Pengemis itu naik ke pendapa. Ia duduk di hadapan Ki Ageng Pandanarang.

"Maafkanlah saya Kyai karena saya telah menghina dan meremehkan Kyai," kata Ki Ageng Pandanarang lembut, "Mulai hari ini saya ingin berguru kepada Kyai. Saya akan menuruti perintah Kyai."

Sunan Kalijaga tetap merahasiakan jati dirinya. Ia sangat senang karena berhasil menyadarkan Ki Ageng Pandanarang.

"Kalau Ki Ageng benar-benar ingin berguru, saya tidak keberatan asalkan Ki Ageng mau me-

nuruti semua permintaan saya," kata pengemis itu sambil menatap muka Ki Ageng Pandanarang.

"Saya akan memenuhi semua permintaan Kyai. Sebutkanlah satu persatu," kata Ki Ageng Pandanarang tanpa ragu.

"Ada tiga permintaanku. Pertama, mulai hari ini Ki Ageng harus beribadah, beriman, membuat *langgar* 'tempat sholat'yang dilengkapi dengan bedugnya, merawat para santri serta menyebarkan agama islam di Kadipaten Semarang; Permintaanku yang kedua, Ki Ageng harus berzakat secukupnya; dan permintaanku yang ketiga, Ki Ageng harus meninggalkan Kadipaten Semarang dan tinggal di Jabalkat di daerah Tembayat."

"Semua permintaan Kyai akan saya laksanakan," kata Ki Ageng Pandanarang tanpa ragu-ragu, "O, ya. Saya sampai lupa menanyakan nama Kyai."

"Namaku Seh Malaya," kata sang penyamar, "Selamat tinggal, semoga Ki Ageng diberi keselamatan."

Dalam sekejap saja pengemis itu lenyap dari pandangan mata Ki Ageng Pandanarang. Tinggallah kini Ki Ageng Pandanarang duduk termenung di pendapa istana.

"Aku sangat menyesal karena selama ini telah berlaku bodoh. Aku tidak menyadari tengah mendapat berbagai ujian dari seorang mukmin besar bernama Seh Malaya. Rasa-rasanya aku ingin cepat pergi ke Jabalkat berguru kepadanya."

Nyi Ageng Kaliwungu ingin ikut pergi ke Jabalkat dengan membawa putra bungsunya yang bernama Pangeran Jiwa. Ki Ageng Pandanarang

mengijinkan istrinya ikut asalkan tidak membawa harta benda.

Ki Ageng Pandanarang dan istrinya mengenakan pakaian serba putih. Mereka meninggalkan Kadipaten Semarang menuju ke Jabalkat tanpa seorang pengawal pun. Sesampainya di tengah hutan mereka dihadang dua orang perampok.

"Hai, Paman!" teriak seorang perampok berbadan tinggi dan berwajah garang, "Tinggalkan harta kekayaanmu. Kalau tidak pedang ini akan memenggal batang lehermu."

"Jika kalian menginginkan harta benda, rebutlah tongkat bambu kuning yang dibawa oleh istriku itu," kata Ki Ageng Pandanarang sambil menunjuk perempuan yang sedang menggendong anak kecil, "Tetapi, istri dan anakku jangan kalian ganggu."

"Apa" Hanya bambu kuning saja Paman katakan harta benda," teriak penyamun itu.

Ki Ageng Pandanarang tetap tenang.

"Di dalam bambu itu terdapat emas, permata, dan uang dinar."

Kedua penyamun itu kemudian merebut bambu kuning yang dibawa Ni Ageng Pandanarang. Bambu itu lalu di belah. Ternyata di dalamnya memang berisi emas, permata, dan uang dinar.

"Kita kaya!" teriak penyamun berperut buncit.

"Ya," jawab temannya yang berwajah garang, "Ini baru di dalam bambu. Bungkusan yang dibawa perempuan itu pasti berisi permata dan uang dinar yang lebih banyak. Mari kita rebut saja bungkusan itu."

Nyi Ageng Kaliwungu berteriak minta tolong kepada suaminya, "Kyai tolong, tolong ... Ki!"

Ki Ageng Pandanarang sangat marah dan menyumpahi kedua perampok itu. Perampok yang berperut buncit mukanya berubah menjadi muka kambing dan diberi nama Seh Domba, sedangkan perampok yang berwajah garang mukanya berbuah menjadi muka ular dan diberi nama Seh Kewel. Kedua perampok itu mengakui kesalahannya dan minta maaf kepada Ki Ageng Pandanarang. Selanjutnya, mereka mengabdi kepada Ki Ageng Pandanarang.

Seteleh beristirahat, Ki Ageng Pandanarang dan Nyi Ageng Kaliwungu melanjutkan perjalanannya ke arah timur. Seh Domba dan Seh Kewel berjalan di belakangnya. Perjalanan mereka telah jauh. Gunung Merapi dan Gunung Merbabu telah mereka lewati. Dari jauh kedua gunung itu kelihatan bagaikan dua buah gunung kembar. Kemudian terus berjalan menyusuri sepanjang Sungai Sengon.

Ketika matahari tepat diatas kepala, perjalanan Ki Ageng Pandanarang telah sampai di Sungai Tempuran. Yaitu pertemuan antara Sungai Sengon dan Sungai Klathakan.

"Sungguh jernih air disini." Gumam Ki Ageng Pandanarang sembari mengambil air untuk wudlu.

Selanjutnya Ki Ageng Pandanarang terus menjalankan sholat lohor disebuah batu datar yang terletak tepat ditengah-tengah Sungai Tempuran itu, sembari menunggu Nyi Ageng Pandanarang yang masih tertinggal jauh dibelakang.

Tidak berapa lama sampailah Nyi Ageng Kaliwungu di Sungai Tempuran. Ia mengambil air lalu duduk di atas sebuah batu datar ditengah-tengah Sungai yang baru saja dipergunakan Sholat Ki Ageng Pandanarang. Ia melihat ke depan, suaminya tidak kelihatan.

"***Boya*** wis ***lali teka Kyai ninggal aku,***" ("sudah lupakah gerangan Ki sehingga meninggalkan aku") kata Nyi Ageng Kaliwungu.

Tempat Itu kemudian dikenal dengan nama **Boyolali**.

Dari **Boyolali** Ki Ageng Pandanarang dan rombongan menuju ke arah selatan melewati hutan, sawah-sawah, dan perkampungan. Mereka terus berjalan sehingga sampai di Tembayat. Ia menetap di Tembayat sehingga ia terkenal dengan nama Sunan Tembayat.

2. GAMELAN KANJENG KYAI LESES

Jaman biyen ing dhukuh Asrikanto ana wit leses kang gedhe banget. Miturut dongenge para sepuh, ing wit kasebut ana kraton siluman kang aran Kraton Leses. Ratune jejuluk Prabu Geblug Kusuma, dene patih Kraton Leses arane Ki Bandarnyamun. Kawulane awujud siluman, kayata: Gendruwo, Banaspati, Thethekan, Ilu-ilu, Colok, Glundhung Pringis lan liya-liyane.

Sangisore wit leses iku ana belik kang banyune bening banget. Tuk-e gedhe banget lan ora nate asat banyune arepa ketiga dawa. Belik iku mau diarani Belik Tirto Leses.

Prabu Gebluk Kusuma kagungan sakperangkat gamelan kang diwenehi tetenger Kanjeng Kyai Leses. Gamelan iku digawe saka Perunggu kang disepuh emas saengga gamelan katon kinclong-kinclong. Kayune saka kayu jati kang diukir banget endahe. Menawa kawula sakiwatengene Kraton kono arep nanggap wayang mesti nyilih gamelan Kanjeng Kyai Leses. Ing tembe mburi, kondhange gamelan Kanjeng Kyai Leses nganti tekan ngendi-endi.

Ing desa Karanggeneng ana sawijining manungsa arane Ki Lindhu, gaweane main. Ana desa Karanggeneng dheweke mondhok. Ngakune dheweke asale saka Brang Kulon. Ki Lindhu krasan

banget manggon ana ing desa Karanggeneng, amarga wargane seneng main lan gampang diapusi. Ki Lindhu cepet dadi sugih dhuwit amarga warga desa Karanggeneng kasil diapusi. Nanging senadyan dhuwite akeh ora ana tanjane. Dhuwite entek kanggo malima, yaiku mangan, main, madon, mendem lan madat.

Saiki Ki Lindhu wis entek dhuwite. Tangga teparone ing desa Karanggeneng wis wegah diajak main maneh. Ki Lindhu judheg banget atine amarga dheweke ora duwe kepinteran liyane kejaba mung main.

Sawijining sore Ki Lindhu nembe lungguhan ngalamun ing emper omahe. Dumadakan kelingan gamelan Kanjeng Kyai Leses kagungane Prabu Gebluk Kusuma ing Kraton Leses.

" Ya, saiki aku wis oleh akal kanggo golek dhuwit sing ake kanthi cara kang gampang. Aku arep nyilih gamelan Kanjeng Kyai Leses. Gamelan iku arep tak dol," batine Ki Lindhu karo mesam-mesem.

Sawijining dina Ki Lindhu mangkat menyang Kraton Leses ngadhep marang Prabu Gebluig Kusuma. Kanthi nggawa sajen arupa kembang lan menyan. Kembang diselehake ana ing Belik Tirto Leses lan menyane kanggo kekutug ana ing sak dhuwure watu gedhe sacedhake Belik kuwi mau. Keluking menyan iku nganti mlebu menyang Kraton Leses. Nalika semana Prabu Geblug Kusuma lagi leyeh-leyeh ngrungokake gamelan kang dadi klangenane. Dheweke banjur kaget amarga ing Kratone kok mambu gandaning menyan , banjur ngadek saka anggone lenggahan terus nggoleki asaling ganda menyan mau.

Ing Belik Tirto Leses katon ana wong kang lagi ngobong menyan.

"Sapa kang dadi aranmu lan saka ngendi omahmu?"pitakone Prabu Geblug Kusuma marang wong kang wis setengah tuwo iku.

Ki Lindhu banjur ngaturake sembah sungkem marang sang Prabu Geblug Kusuma, "Nami kula Lindhu griya kula ing desa Karanggeneng sakleripun margi."

"Sira duwe karep apa kok ndadak kerayaraya tekan kene?"

"Kula badhe nyuwun ngampil gamelan Kanjeng Kyai Leses. Kula badhe ringgitan "jawabane Ki Lindhu.

Prabu Geblug Kusuma ora tega nulak panyuwunane Ki Lindhu iku, "Ya, aku ora kabotan nuruti panyuwunanmu iku. Besok dina Selasa Paing sira mrenea maneh, gamelan Kanjeng Kyai Leses Jupuken. Aku tak mrentahake marang Patih Bandarnyamun ben nyiapake gamelan iku ing sisih kulon Belik Tirto Leses.

Pas ing dina Selasa Paing, Ki Lindhu banjur nyilih gerobag nyang nggone Mak Tuginah kang arep di enggo ngangkut gamelan. Esuk umunumun Ki Lindhu sida budhal menyang Belik Tirto Leses. Katon bungah banget atine amarga nyumurupi gamelan Kanjeng Kyai Leses wis sumadiyo ing sisih kulon Belik Tirto Leses. Dheweke banjur mudhun saka gerobag, terus paring uluk salam marang Ki Bandarnyamun, Patih Kraton Leses, "Ki Patih Bandarnyamun, kula badhe mendhet gamelan punika, " ature Ki Lindhu.

"Mangga, kula aturi ngasta gamelan menika. Nanging sasampunipun ringgitan paripurna game-

lan Kanjeng Kyai Leses kedah dipun wangsulaken dan Kraton Leses." welinge Ki Bandarnyamun marang Ki Lindhu.

Ki Lindhu janji arep mbalekake gamelan iku menawa anggone duwe gawe wis rampung. Dheweke banjur ngangkat gamelan iku siji mbaka siji menyang gerobag. Ki Bandarnyamun melu ngrewangi ngangkat gamelan iku, kanthi migunakake kasektene ing sakedheping netra wae gamelan sakperangkat wis pindah ana dhuwur gerobak kabeh.

Ki Lindhu banjur ngaturake rasa panarimane marang Ki Bandarnyamun lan terus pamitan arep nggawa mulih gamelan kasebut. Ki Bandarnyamun terus bali mlebu menyang Kraton Leses.

Saka Belik Tirto Leses gerobag banjur mlaku ngidul tumuju menyang pasar Sunggingan. Ki Lindhu ora bali menyang desa Karanggeneng amarga duwe niat kang ala, yaiku arep ngedol gamelan Kanjeng Kyai Leses.

Tekan pasar Sunggingan gamelan mau banjur didhukake ana sangisore wit ringin ing pojok lapangan.

Kocapa, gamelan kang endah iku dituku sawijining wong Walanda lan arep digawa mulih menyang negarane kana. Ki Lindhu banjur dadi sugih dadakan amarga gamelan mau payu akeh banget. Sawise nampa bayaran Ki Lindhu banjur bali menyang desa Karanggeneng saperlu mbalekake gerobag lan mbayar sewane pisan marang Mak Tuginah. Bareng wis rampung, Ki Lindhu banjur gage-gage lunga ninggalake desa Karanggeneng, amarga selak wedi menawa nganti konangan Prabu Geblug Kusuma. Dumadakan ana ing dalan Ki Lindhu dirampok durjana. Kabeh bandhane dijaluk

nganti ora ana sisane, sabanjure Ki Lindhu dadi edan.

Wis pirang-pirang tahun lawase gamelan Kanjeng Kyai Leses durung dibalekake. Prabu Geblug Kusuma banjur nyeluk Ki Bandarnyamun saperlu ngrembug bab murcane gamelan Kanjeng Kyai Leses iku.

"Kakang Pati Bandarnyamun, nganti seprene klangenanku gamelan Kanjeng Kyai Leses kang disilih Ki Lindhu durung dibalekake. Aku kok duwe panyana menawa Ki Lindhu iku wong kang ora jujur. "

"Kula sanget sarujuk kaliyan penggalihan Kakang Prabu Geblug Kusuma, Ki Lindhu sajakipun namung badhe apus krama." Ature Ki Lindhu marang sang Prabu Geblug Kusuma.

"Saiki, golekana Ki Lindhu menyang desa Karanggeneng. Omahe sisih lor dalan. Jupuken gamelan Kanjeng Kyai Leses iku, gawanen bali," prentahe Prabu Geblug Kusuma marang Ki Bandarnyamun, "Ojo pati-pati bali yen ora nggawa bali gamelan kalangenanku iku."

Patih Bandarnyamun banjur pamitan, banjur budhal menyang desa Karanggeneng. Kabeh omah kang prenahe ana lor dalan dipriksa siji mbaka siji. Nanging gamelan Kanjeng Kyai Leses tetep durung ketemu. Ki Bandarnyamun banjur njujug omahe sesepuh desa Karanggeneng kang arane Mbah Wiro.

"Ki Wiro, menapa jengandika ngertos griyane Ki Lindhu?" pitakone Ki Bandarnyamun.

Mbah Wiro katon ngewel, "Ku ... kula mbo ... mboten ngertos jengkaripun Ki Lindhu.

Dheweke sanes kawula desa Karanggeneng. Ing mriki namung mondhok."

Patih Ki Bandar Nyamun ora percaya karo tuture Mbah Wiro. Dheweke yakin menawa Ki Lindhu isih ana ing desa Karanggeneng. Pangirane Ki Lindhu disingitake tangga teparone. Ki Bandarnyamun krasa anyel atine marang kawula ing desa Karanggeneng kang omahe sisih lor dalan, nganti nyumpah marang warga ing kono.

"He, para kawula ing desa Karanggeneng sisih lor ndalan. Wiwit dina iki sira ora kena nanggap wayang. Sing sapa wani nanggap wayang omahe bakal kobong. Sira kena nanggap wayang, menawa gamelan Kanjeng Kyai Leses wis bali ana ing Kraton Leses" ujare Ki Patih Bandarnyamun mara para kawula desa Karanggeneng.

Wiwit dina iku kawula desa Karanggeneng sing omahe pener lor dalan ora ana kang wani nanggap wayang kulit. Ki Patih Bandarnyamun ora wani bali menyang Kraton Leses amarga ora bisa nggawa bali gamelan Kanjeng Kyai Leses. Dheweke banjur manggon ana ing wit Randhu Alas. Saka papan kene Ki Bandarnyamun terus ngawasi desa Karanggeneng. Menawa ana kawula kang kumawani nerak aturan iki omahe bakal diobong dening Ki Bandarnyamun sak wadyabalane.

Terjemahan:

2. GAMELAN KANJENG KYAI LESES

Zaman dahulu di desa Asrikanto tumbuh sebuah pohon *leses* yang sangat besar. Menurut cerita orang tua, di pohon itu terdapat kerajaan siluman bernama Kraton Leses. Rajanya bernama Prabu Geblug Kusuma, sedangkan patihnya bernama Ki Bandarnyamun. Rakyat Kraton Leses terdiri dari berbagai macam makhluk halus.

Di bawah pohon *leses* itu terdapat sember air yang sangat jernih. Sepanjang tahun sumber air di situ tidak pernah kering. Sumber air tersebut dinamakan Belik Tirto Leses.

Prabu Geblug Kusuma mempunyai seperangkat gamelan yang diberi nama Kanjeng Kyai Leses. Gamelan itu terbuat dari perunggu yang disepuh emas sehingga gamelan itu kelihatan berkilauan. Kayunya kayu jati berukir sangat indah. Jika pendunduk sekitar Kraton Leses mempunyai hajat menggelar Wayang Kulit pasti meminjam gamelan Kanjeng Kyai Leses. Akhirnya, kemasyhuran gamelan Kanjeng Kyai Leses sampai ke berbagai tempat yang jauh.

Konon di desa Karanggeneng tinggallah seorang penjudi bernama Ki Lindhu. Menurut pengakuannya ia berasal dari daerah Bang Kulon. Ia

senang tinggal di situ karena penduduknya suka berjudi dan mudah ditipu. Ki Lindhu cepat menjadi kaya karena ia berhasil menipu penduduk Karanggeneng. Akan tetapi, kekayaan Ki Lindhu habis untuk **malima**, yaitu *mangan, main, madon, mendem,* dan *madat* (makan enak, berjudi, main perempuan, minuman keras, dan Narkotika).

Kini Ki Lindhu benar-benar telah kehabisan uang. Penduduk desa Karanggeneng tidak mau lagi diajak berjudi. Ki Lindhu sangat sedih karena ia tidak mempunyai keahlian lain selain berjudi.

Sore itu Ki Lindhu duduk termenung di pendapa rumahnya. Tiba-tiba ia teringat Prabu Geblug Kusuma raja Kraton Leses.

"Ya, sekarang aku mendapat akal untuk mendapatkan uang banyak dengan mudah. Aku akan meminjam gamelan Kajeng Kyai Leses. Gamelan itu akan kujual," gumam Ki Lindhu sambil senyum-senyum.

Pada suatu malam Ki Lindhu pergi ke Kraton Leses menghadap Prabu Geblug Kusuma. Ia membawa sesajian berupa bunga dan kemenyan. Bunga itu ia letakkan di Belik Tirto Leses, sedangkan kemenyannya dibakar di atas sebuah batu besar dekat Belik Tirto Leses. Asap kemenyan itu masuk ke dalam Kraton Leses. Ketika itu Prabu Geblug Kusuma sedang santai mendengarkan gamelan kesukaannya. Ia terkejut karena tiba-tiba di istananya ada bau asap kemenyan. Ia bangkit dari tempat duduknya lalu mencari dari mana sumber asap itu. Ternyata di pinggir Belik Tirto Leses ada orang sedang membakar kemenyan.

"Siapakah namamu dan dari mana asalmu"" tanya Prabu Geblug Kusuma kepada orang tua setengah baya itu.

Ki Lindhu menyembah, "Hamba bernama Lindhu. Tempat tinggal hamba di Desa Karanggeneng, di sebelah utara jalan."

"Apa maksud kedatanganmu ke sini""

"Hamba ingin meminjam gemelan Kanjeng Kyai Leses. Hamba akan menggelar pagelaran wayang kulit," jawab Ki Lindhu.

Prabu Gebluk Kusuma tidak tega menolak permintaan Ki Lindu, "Aku akan meminjamkan gamelan Kanjeng Kyai Leses. Besok hari Selasa Paing datanglah ke sini. Aku akan menyuruh Patih Bandarnyamun menyiapkan gamelan itu di sebelah barat Belik Tirto Leses.

Hari Selasa Paing pun tiba. Ki Lindhu meminjam gerobag pedati milik Mak Tuginah untuk mengangkut gamelan. Pagi-pagi Ki Lindhu sudah berangat menuju Belik Tirto Leses. Hati Ki Lindhu berbunga-bunga karena gamelan Kanjeng Kyai Leses telah disiapkan. Ia turun dari gerobag dan memberi salam kepada Patih Bandarnyamun.

"Tuan Patih Bandarnyamun, hamba hendak mengambil gamelan ini," kata Ki Lindhu.

"Ya, bawalah gamelan Kanjeng Kyai Leses ini. Tetapi, setelah hajatmu selesai gamelan ini harus segera kamu kembalikan ke Kranton Leses."

Ki Lindhu berjanji akan segera mengembalikan gamelan itu setelah hajatnya selesai. Ia segera mengangkat gamelan itu satu persatu ke atas gerobag. Patih Ki Bandarnyamu ikut membantu mengangkat gamelan itu.

Ia mengeluarkan kesaktiannya sehingga dalam waktu sekejap gamelan itu sudah berpindah ke atas gerobag.

Ki Lindhu mengucapkan terima kasih dan mohon diri hendak membawa pulang gamelan itu. Patih Bandarnyamun pun segera kembali ke istana Kraton Leses.

Dari Belik Tirto Leses gerobag berjalan ke selatan menuju ke pasar Sunggingan. Ki Lindhu tidak kembali ke desa Karanggeneng karena ia berniat jahat, yaitu hendak menjual gamelan itu.

Sampai di pasar Sunggingan gamelan itu diturunkan di bawah pohon beringin, di pojok pinggir lapangan.

Ringkas cerita, gamelan itu dibeli oleh orang Belanda dan dibawa pulang ke negerinya. Ki Lindhu menjadi kaya raya karena gamelan itu dijual dengan harga tinggi. Setelah menerima pembayaran Ki Lindhu mengembalikan gerobag serta membayar sewanya kepada Mak Tuginah. Selanjutnya, ia cepat-cepat meninggalkan desa Karanggeneng karena takut dimarahi Prabu Geblug Kusuma. Di tengah perjalanan Ki Lindhu dirampok orang sehingga semua hartanya habis. Ia kemudian menjadi gila.

Sudah lama sekali gamelan Kanjneg Kyai Leses belum dikembalikan. Prabu Geblug Kusuma memanggil Patih Bandarnyamun untuk membicarakan masalah gamelan itu.

"Kakang Patih Bandarnyamun, gamelan Kanjeng Kyai Leses sampai sekarang belum dikembalikan oleh Ki LIndu. Aku curiga jangan-jangan Ki Lindhu orang yang tidak jujur."

"Hamba sependapat dengan Prabu Gebluk Kusuma," timpal Patih Bandarnyamun, "Ki Lindhu itu orang yang tidak jujur."

"Sekarang, carilah Ki Lindhu di desa Karanggeneng. Ambillah gamelan Kanjeng Kyai Leses itu, "perintah Prabu Geblug Kusuma, "Kamu jangan kembali jika tidak membawa gamelan itu."

Patih Bandarnyamun mohon diri. Ia segera pergi ke desa Karanggeneng. Semua rumah warga Karanggeneng di sebelah utara jalan diperiksa satu persatu. Akan tetapi, gamelan Kanjeng Kyai Leses tidak ditemukan. Patih Bandarnyamun masih penasaran. Ia menemui sesepuh desa Karanggeneng yang bernama Mbah Wiro.

"Ki Wiro, apakah kamu mengetahui Ki Lindhu," tanya Patih Bandarnyamun.

Mbah Wiro gugup, "Hamba ti.. ti.. dak tahu ke mana Ki Lindhu pergi. Ia bukan penduduk asli Karanggeneng. Di sini ia hanya kontrak saja."

Patih Ki Bandarnyamun tidak mepercayai perkataan Mbah Wiro. Ia berkeyakinan Ki Lindhu tidak pergi ke mana-mana. Ia menduga Ki Lindhu disembunyikan oleh tetangganya. Patih Bandarnyamun menjadi kesal kepada penduduk Karanggeneng sebelah utara jalan.

"Hai, warga desa Karanggeneng sebelah utara jalan. Mulai sekarang kalian tidak boleh menggelar pagelaran wayang kulit. Jika kalian melanggar larangan ini rumah kalian akan terbakar. Kalian boleh menggelar pagelaran wayang kulit setelah gemalan Kanjeng Kyai Leses kalian kembalikan ke Kraton Leses," kata Patih Bandarnyamun lantang.

Sejak itu warga desa Karanggeneng sebelah utara jalan takut menggelar pagelaran wayang kulit. Patih Ki Bandarnyamun takut kembali ke Kraton Leses karena tidak menemukan gamelan itu. Ia kemudian tinggal di pohon randu alas. Dari tempat ini ia terus mengawasi keadaan desa Karanggeneng sebelah utara jalan. Setiap penduduk yang berani melanggar larangan itu rumahnya akan dibakar oleh Ki Bandarnyamun dan anak buahnya.

3. SOMPIL GRIPIS ING UMBUL PENGGING

Ing Kasatriyan Madukara lagi ana pepeteng. Raden Ayu Woro Sembadra, garwane Raden Janaka, lagi nandhang gerah. Ora bisa tangi mung sare wae ana dipan. Raden Janaka wis suwe ora katon ana kasatriyan Madukara. Dheweke lunga tanpa pamit kang ana ngomah. Dadi ora genah ana ngendi papan dununge Raden Janaka wektu iki.

Rakanira Prabu Baladewa, Prabu Bathara Kresna lan para kadang Pandawa pada rawuh ana kasatriyan Madukara, nunggoni gerahe Raden Ayu Woro Sembadra. Dene para putra-putra Pandawa jaga ana ing sanjabaning Kasatriyan. Para kadang wis padha nglumpuk kabeh. Banjur padha ngrembuk carane supaya Raden Ayu Woro Sembadra bisa waluya maneh.

"Kakang Prabu Kresna, kula aturi ningali kaca paesan. Mbok menawi saged paring pepadhang dateng sakitipun Yayi Dewi Woro Sembadra ...," mengkono ature Prabu Yudhistira mbukani rembug.

Apa ta kang sinebut kaca paesan iku? Kaca paesan iku pusaka piandele Nata Darawati Prabu Kresna, awujud kaca pangilon. Gunane kanggo mangerteni kahanan kang durung klakon. Mula bareng antuk pitakonan saka Nata Ngamarta

Prabu Yudhistira mengkono mau, Prabu Kresna banjur paring wangsulan mangkene:

"Miturut gambar ing kaca paesan, Sembadra saged waluya malih menawi siram ing umbul Pengging ..."

Mula para putra-putra Pandawa banjur padha diwenehi gaweyan. Gathotkaca kadhawuhan nggendhong bibinira Woro Sembadra. Sigra mlesat ngambah dirgantara tumuju menyang umbul Pengging. Prabu Baladewa lan Prabu Kresna didherekake para kadang Pandawa numpak kreta kencana budhal menyang umbul Pengging. Dene para putra Pandawa liyane ngawal tindake wong agung iku.

Durung sida budhal wong agung Mandura, Dwarawati lan Ngamarta, kasaru geger ing njaba. Rombongan Kurawa Padha pating braok ugal-ugalan. Angiring Burisrawa kang nganggo sandhangan panganten. Kang dadi pangarepe yaiku Patih Ngastina, Aryo Sengkuni.

"Anak Prabu Dwarawati, kula mireng khabar Janaka jengkar saking kasatriyan Madukara," ujare patih Sengkuni marang Prabu Kresna.

"Leres Paman Sengkuni."

"Lha, Sembadra rak lajeng dados randha," ujare Patih Sengkuni karo mesam-mesem.

Patih Sengkuni neruske ujare, "Dhapur kaleresan, saged pepanggihan wonten mriki, Kula mboten perlu dateng Madukara."

"Lajeng, Paman Sengkuni kagungan kersa ingkang kados pundi?" pitakone Prabu Kresna.

"Waleh-waleh menapa, kula badhe nglamar Woro Sembadra, badhe kula jodhokaken kaliyan Burisrawa," jawabe Patih Sengkuni.

"Paman Sengkuni Dewi Woro Sembadra nembe nandhang sakit."

"Menawi sakit, dipun boyong mawon dateng Ngastina. Mrika kathah dhukun ingkang pinter-pinter lan jampi-jampi ingkang manjur. Wekdal punika Woro Sembadra wontem pundi sinuwun?" pitakone patih Sengkuni.

"Wekdal punika, yayi Sembadra nembe pados usada dhateng Umbul Pengging," jawabe Prabu Kresna marang Patih Sengkuni.

"Anak Prabu, panglamaripun Burisrawa rak inggih saged dipun tampi?"

"Wekdal punika yayi Woro Sembadra sampun dados wewenangipun para putra-putra Pandawa. Pramila langkung sae menawi Paman Sengkuni ngrembag kaliyan para putra Pandawa," ature Prabu Kresna karo nuding prajurit-prajurit Ngamarto kang padha nungggang jaran.

Patih Sengkuni terus nemoni para wadyabala Kurawa.

"He anak-anakku Kurawa kabeh. Sembadra dikuwasani anak-anak Pandawa. Ojo padha wedi kangelan. Ayo direbut bareng-bareng," mengkono dhawuhe Patih Sengkuni marang para Kurawa.

Sabanjure para wadyabala Kurawa banjur ngrebut Dewi Woro Sembadra saka tangane puta-putra Ngamarta. Putra-putra Ngamarta ngukuhi ora gelem masrahake bibinira Dewi Woro Sembadra. Dadi perang tandhing antarane putra-putra Ngamarto mungsuh para wadyabala Ngastina. Dursasana ditandangi Ontorejo, diajar nganti ajur-mumur banjur mlayu. Burisrawa uga diajar Ontosena nganti dheyek-dheyek. Pendhito Durna lan Patih Sengkuni oleh wirang saka Wisanggeni.

Adipati Karno uga diwirang-wirangake dening Wisanggeni banjur mlayu mulih menyang Ngawangga, trima ora cawe-cawe.

"Mundur ... mundur, para Kurawa ayo padha mundur," Patih Sengkuni ngabani para wadyabala Kurawa.

Sawise adoh saka palagan, Pendhita Durna banjur ngendika marang Patih Sengkuni, "Mboten wonten ginanipun perang tanding kaliyan anak-anak Pandawa. Menawi kawon malah ngisin-ngisini, menawi menang mboten badhe mundhak pangkatipun. Awit Dewi Woro Sembadra sampun dumugi wonten ing umbul Pengging, kabekto dening Gathotkaca. Pramila saenipun wadyabala Kurawa kaarak dhateng umbul Pengging."

"Wah, menawi konangan anak-anak Pandawa bakal ajur. "

Saure patih Sengkuni, "Mboten perlu khawatir. Wadyabala Kurawa kedah mlampah dhedhemitan, mesthi mboten saged konangan anak-anak Pandawa," jawabe Pendhita Durna.

"Dhedhemitan? Kadospundi caranipun?" pitakone Patih Sengkuni marang Pendhito Durno.

"Wadyabala didandani cara Sompil. Kula kaliyan Adhi Cuni dandan cara bekicot, amargi mboten saged nglangi," jawabe Pendhita Durna. Para wadyabala Kurawa wis padha didandani cara Sompil kabeh. Sabanjure kabeh padha mlaku tumuju menyang Umbul Pengging. Lakune rombongan Raden Gathotkaca wis tekan ing Umbul Pengging.

Dewi Woro Sembadra terus didherekake menyang Sendhang Penganten. Ing sendhang Penganten iki kang siram mligi para ratu, para

pangeran lan kulawargane. Dene panggonan siram para abdi dalem kraton ana ing sendhang Ngabeyan.

Para warga ing Pengging kono yen padha adus ana ing sendhang Dhudha. Anggone Siram ing sendhang Panganten Dewi Woro Sembadra dikancani para emban. Raden Gathotkaca anggone njaga kaslametane bibinira cukup saka kadohan. Saengga para putra Pandawa ora mangerti tekane wadyabala Kurawa, amarga wis padha nyandhang cara sompil. Para Kurawa banjur lumebu menyang sendhang Penganten.

Burisrawa kang wis nyandhang sompil, ora beda kaya sompil-sompil liyane. Sabanjure terus nggremet nyedhaki Dewi Woro Sembadra kang lagi siram jamas. Dewi Woro Sembadra ora ngerti menawa ana sompil malihane Burisrawa kang nyedhaki. Sompil kasebut banjur nggremet ing sikile sang Dewi. Dewi Woro Sembadra banjur Kantaka.

Ora adoh saka papan kasebut ana sawijining umbul kang ana satengahing kali. Ing papan iki Raden Janaka lagi nglakoni tapa kungkum, kang lawase patangpuluh dina patang puluh bengi. Kang digayuh Raden Janaka yaiku oleh wahyu Jayanegara, amarga menawa bisa nggayuh wahyu kasebut negara Ngamarta bakal jaya lan pinaringan slamet rahayu. Wis tutug anggone nglakoni kungkum, para dewa banjur ngutus Dewa Nagaraja supaya nurunake wahyu Nagaraja marang sang Janaka. "Putuku si Arjuna, tampanen wahyu Jayanegara iki kanggo kaslametan lan kuncaraning praja Ngamarta," sabdane sang Dewa Nagaraja marang Arjuna. Sabanjure Dewa Nagaraja ngandika maneh, "Sabanjure sira enggal-enggala lunga

saka papan kene, tumujua menyang sendhang Panganten. Ing kana ana wong kang butuh pitulunganmu."

Sang Arjuna banjur ngaturake sembah lan panuwun marang sang Nagaraja. Sigra pamitan lan banjur gage-gage kendhang menyang sendhang Panganten. Kocapa, sawise tekan ing sendhang Panganten Arjuna kaget, nyumurupi para sanak kadang padha ngupengi Dewi Woro Sembadra kang lagi kantaka.

Arjuna banjur ngetokake pusaka piyandele kang aran lenga Jayengkaton, supaya bisa nyumurupi barang-barang kang nyalawadi. Sabanjure terus mirsani anggani Dewi Woro Sembadra. Sanalika katon apa kang nyebabake anggone Dewi Woro Sembadra kantaka. Ing kono katon ana sompil kang nggremet ana ing sukune sang Dewi. Dening Arjuna sompil kasebut banjur kajupuk terus dikepruk nganggo watu nagnmti remuk. Badar sejatine si sompil banjur pulih maneh dadi Burisrawa. Burisrawa banjur krasa miris lan wedi, terus mlayu mlebu alas.

Bareng ngerti menawa sompil kang digecak malih dadi Burisrawa, para putra Ngamarta banjur njegur menyang sendhang Panganten golek sompil. Sompil-sompil kang kecekel banjur digecaki nganggo watu nganti gripis. Ya bab iku kang njalari sompil-sompil ing umbul Pengging dadi gripis.

Jebul rombongan Ngastina kang membamemba dadi sompil. Dursasana, Durmagati lan Aswatama wis konangan anggone arep nyidrani Dewi Woro Sembadra. Wadyabala Kurawa padha kamigilanen nyumurupi pangamuke prajurit-prajruit

Ngamarta banjur mlayu menyang tengah alas. Durna lan Sengkuni kang malih dadi bekicot uga wis konangan dening Ontosena lan Ontoreja. Terus mlayu nututi wadyabala Kurawa kang keplayu luwih dhisik.

Wadyabala Kurawa wis padha mlayu ninggalake Pengging. Dewi Wara Sembadra bareng ketemu karo kakunge Raden Arjuna banjur waras sanalika. Jebul gerahe Dewi Wara Sembadra mung amarga kangen marang Arjuna. Sabanjure kabeh terus padha bali menyang Madukara nganakake bujana andrawina.

Terjemahan:

3. SOMPIL GRIPIS DI UMBUL PENGGING

Di Kasatrian Madukara sedang dilanda kesedihan karena Raden Arjuna pergi tanpa pesan, sedangkan istrinya yang bernama Dewi Sembadra sakit keras. Ia tidak dapat bangun dan hanya tiduran terus. Prabu Baladewa, Prabu Kresna, dan keluarga Pandawa menjenguk Dewi Sembadra. Mereka membicarakan perihal kesakitan Dewi Sembadara dan kepergian Raden Arjuna.

"Kakanda Prabu Kresna, cobalah lihat di *kaca paesan* (pusaka Prabu Kresna berupa cermin yang dapat digunakan untuk mengetahui hal-hal yang belum terjadi). Siapa tahu kita mendapat petunjuk penyebab sakitnya Dinda Dewi Sembadra," kata Prabu Yudhistira lemah lembut.

Prabu Kresna segera mengeluarkan cermin saktinya. Ia memperhatikan cermin itu dengan seksama. Sejenak kemudian ia berkata, "Dinda Yudhistira, di dalam cermin ini terlihat bahwa Dinda Dewi Sembadra akan sehat kembali jika telah mandi di Umbul Pengging."

Prabu Kresna memerintahkan Raden Gatutkaca membawa Dewi Sembadra terbang ke Umbul Pengging. Sedangkan Prabu Baladewa, Prabu Kresna, Prabu Yudhistira, Raden Werkudora, Ra-

den Nakula, dan Raden Sadewa naik kereta kencana. Putra-putra Pandawa naik kuda mengawal kereta itu menuju ke Umbul Pengging.

Dalam perjalanan mereka bertemu pasukan Kurawa yang dipimpin oleh Patih Sengkuni. Mereka mengiringkan Burisrawa yang telah berpakaian penganten. Patih Sengkuni menghentikan kreta Prabu Kresna.

"Anakku, Prabu Kresna. Katanya Raden Arjuna telah lama pergi dari Madukara."

"Benar Paman Sengkuni."

"Kalau begitu Dewi Sembadra sudah janda," kata Patih Sengkuni, "Kebetulan kita bertemu di sini. Aku tidak perlu datang ke Madukara."

"Sebenarnya Paman Patih Sengkuni ada perlu apa" tanya Prabu Kresna keheranan.

"Anakku Prabu Kresna, aku hendak melamar Dewi Sembadra untuk kunikahkan dengan Burisrawa," kata Patih Sengkuni terus terang.

"Paman Patih Sengkuni, Dewi Sembara sedang sakit keras."

"Kalau sakit dibawa saja ke Negeri Astina. Di sana banyak tabib dan obat-obatan yang manjur. Sekarang di mana Dewi Sembadra", tanya Patih Sengkuni.

"Sekarang Dewi Sembadra sedang berobat ke Umbul Pengging."

Patih Sengkuni memotong perkataan Prabu Kresna, "Bagaimana, lamaran Burisrawa diterima bukan".

"Paman Patih Sengkuni, sebaiknya Paman menemui putra-putra Pandawa," kata Prabu Kresna menunjuk ke pasukan berkuda.

Patih Sengkuni kemudian menemui pasukan Kurawa.

"He, anak-anakku para Kurawa. Mari kita rebut Dewi Sembadra dari tangan anak-anak Pandawa," ajak Patih Sengkuni.

Pasukan Kurawa segera menyerang anak-anak Pandawa yang sedang mengiringkan Dewi Sembadra. Terjadilah perang tanding yang sangat ramai. Dursasana dihajar habis-habisan oleh Ontorejo sehingga ia lari tunggang langgang.Burisrwa dikalahkan oleh Ontoseno.

Selanjutnya, Patih Sengkuni dan Durna juga dihajar oleh Wisanggeni. Adipati Karno berhasil dipermalukan oleh Wisanggeni kemudian lari pulang ke negeri Ngawangga, tidak mau campur tangan.

"Ayo kita mundur!" teriak Patih Sengkuni.

Setelah jauh dari pasukan Pandawa, Durna berkata," Tidak ada gunanya melawan anak-anak Pandawa. Kalah bikin malu, menang tidak naik pangkat. Selain itu, Dewi Sembadra ternyata sudah dibawa oleh Gatutkaca ke Umbul Pengging. Mari kita ke Umbul Pengging."

"Tapi, kalau ketahuan oleh anak-anak Pandawa kita pasti dihabisi," sambung Patih Sengkuni.

"Jangan khawatir, kita menyamar saja. Anak-anak Pandawa pasti tidak akan mengetahui keberadaan kita," jawan Durna.

"Menyamar?" "Bagaimana caranya?" tanya Patih Sengkuni.

"Pasukan Kurawa dirias seperti *sompil* (kerang kecil). Kita berpakaian seperti bekicot karena kita tidak dapat berenang."

Kini pasukan Kurawa telah mengenakan pakaian kerang. Mereka lalu menuju ke Umbul Pengging.

Rombongan Gatutkaca telah sampai di Umbul Pengging. Mereka langsung ke Sendang Penganten, yakni tempat khusus untuk mandi para raja, pangeran, dan keluarganya. Tempat untuk mandi para abdi dalem kerajaan di Sendang Ngabeyan, sedangkan tempat mandi penduduk sekitar adalah Sendang Dudho.

Dewi Sembadra mandi di Sendang Penganten ditemani para emban. Gatutkaca menjaga keamanan Dewi Sembadra dari kejauhan. Ia tidak mengetahui kedatangan pasukan Kurawa karena mereka telah menyamar menjadi *sompil* (kerang kecil). Mereka segera masuk ke dalam Sendang Penganten.

Burisawa telah berwujud sompil mirip dengan sompil-sompil lainnya. Ia merayap mendekati Dewi Sembadra. Ketika itu Dewi Sembadra yang sedang mandi keramas. Ia tidak menyadari kalau ada sompil penjelmaan Burisrawa mendekatinya. Sompil penjelmaan Burisawa itu kemudian merambati kaki Dewi Sembadra sehingga Dewi Sembadra pingsan.

Tidak jauh dari Sendang Penganten ada sebuah umbul yang terletak di tengah sungai. Di sinilah Arjuna bertapa, merendam tubuhnya di dalam air selama empat puluh hari empat puluh malam. Ia berdoa kepada Dewata agar Kerajaan Pendawa selamat dan tetap jaya. Hari itu Arjuna telah empat puluh hari bertapa. Dewata berkenan memberikan anugerah kepada Arjuna melalui Dewa Nagaraja.

"Cucuku Arjuna, terimalah wahyu Jayanegara untuk keselamatan serta kejayaan Kerajaan Pandawa," kata Dewa Nagaraja, "Bergegaslah ke Sendang Penganten dan tolonglah seseorang yang sangat kamu cintai."

Arjuna sujud mengucapkan terima kasih kepada Dewa Nagaraja. Ia kemudian bergegas ke Sendang Penganten. Sesampainya di Sendang Penganten Arjuna sangat terkejut karena sanuak saudaranya sedang mengelilingi Dewi Sembodro yang sedang pingsan.

Arjuna mengeluarkan pusaka sakti berupa minyak jayengkaton sehingga ia dapat melilhat hal-hal yang gaib. Ia mengamati tubuh Dewi Sembadra. Tahulah ia bahwa penyebab pingsannya Dewi Sembadra adalah sompil yang merambat dikakinya. Sompil itu segera diambil dan di digilas dengan batu hingga hancur. Tiba-tiba dari dalam sompil itu keluarlah Burisrawa, dan ia ketakutan lalu lari ke dalam hutan.

Para putra Pandawa mengetahui hal itu sangat marah. Mereka segera masuk ke dalam sendang mencari sompil. Semua sompil yang ditemukan kemudian ditumbuk dengan batu sehingga sompil-sompil itu tumpul atau geripis. Itulah sebabnya sompil-sompil di Umbul Pengging menjadi geripis atau tumpul.

Dursasana, Durmagati, Aswatama telah diketahui penyamarannya. Mereka ketakutan dan melarikan diri ke dalam hutan. Durna dan Sengkuni yang menyamar sebagai bekicot juga telah diketahui oleh Ontasena dan Antereja. Akhirnya, mereka pun melarikan diri. Ternyata Dewi Sembadra hanya rindu kepada Arjuna. Setelah bertemu

dengan Arjuna ia sehat kembali seperti sedia kala. Mereka kemudian kembali ke Madukara untuk mengadakan pesta syukuran.

4. JAYAWIROG RATU TIKUS

Jaman biyen ana tikus kang gedhe banget rupane ireng semu soklat, jenenge Jayawirog. Gedhene kira-kira meh padha karo kucing kuwuk. Sanadyan awujud tikus, Jayawirog demen laku tapa kanggo golek kasekten. Sawise tutug anggone tapa banjur sowan Kanjeng Nabi Soleman.

Kanjeng Nabi, kula nyuwun kasekten supados kula saged dados manungsa. Kajawi saking menika kula nyuwun tedha awit ing negari kula mboten wonten tedhan ingkang enak," ature Jayawirog karo ngaturake sembah sujud marang Kanjeng Nabi Soleman.

"Jayawirog, panyuwunira sun kabulake. Sira tak wenehi pangan kang wujude pari sak wite pisan. Sira uga sun paringi pusaka sakti awujud pecut. Menawa pecut kok sabetake awakmu bakal salin rupa dadi manungsa," ngendikane Kanjeng Nabi Soleman.

Sabanjure Jayawirog terus bali mulih menyang negarane ing negara Kabur Kanginan. Nalika semana ing negara Kabur Kanginan durung ana tanduran pari. Sing ana tanduran pari mung ing Tanah Jawa, mula Jayawirog banjur ngajak kancakancane tumuju menyang Tanah Jawa. Kancakancane akeh kang padha melu, kayata si Jayapithi, Jayaclurut lan jinis-jinis tikus laiyane uga akeh kang padha melu angejawa. Dening kanca-

kancane Jayawirog diangkat dadi ratuning rombongan tikus mau.

Kocapa, lakune Jayawirog dalah kawulane wis tekan ing Tanah Jawa. Jayawirog banjur ngunekake pecut sekti paringane Kanjeng Nabi Soleman. Sanalika salin wujud dadi manungsa. Sirahe katon nganggo iket wulung, klambi lurik lan sarunge kothak-kothak. Tangan kang sisih tengen nyekel pecut kanggo ngabani marang para kawulane. Papan panggonan kang dituju yaiku ing sawah-sawah kang subur sacedhake kali Serang. Bareng wis tekan papanj panggonan kang dituju, Jayawirog banjur mrentah kawulane gawe kraton sing cedhak karo sawah-sawah kang ditanduri pari.

Tikus kang cacahe tanpa wilangan iku banjur mbangun kraton arupa guwa-guwa kang gedhe banget. Jayawirog banjur mapan ana ing kraton kasebut, dene para kawulane manggon ana sakiwa tengene kraton kono.

Sawijining dina Jayawirog lagi lungguh ana ing pasewakan kaadhep dening Jayapithi, Jayaclurut lan kawula tikus liyane. Jayawirog banjur nitahake marang para kawulane yakuwi yen wanci awan kabeh tikus kudu turu kabeh. Golek pangan mung yen wanci bengi wae. Sing sapa nerak angger-angger iki bakal ditundhung saka kraton tikus kene.

Nalika srengenge wis angslup ing sisih kulon, Jayawirog metu saka kratone. Dheweke banjur ngunekake pecute. Padha sanalika salin wujud dadi manungsa. Para kawula tikus barteng krungu swara pecut mau banjur ngadhep marang ratu gustine. Bareng wis nglumpuk banjur digiring dening Jayawirog menyang sawah-sawah.

"Jayapithi lan Jayaclurut, wengi iki awake dhewe sak rombongan golek pangan ana ing sawahe kang Senthun," ature Jayawirog maranng kawulane.

Jayapithi lan Jayaclurut nggiring tikus kang cacahe tanpa wilangan iku menyang sawahe kang Senthun. Ratune tikus si Jayawirog ngetutake ana samburine arak-arakan tikus mau karo jedar-jeder ngunekake pecut sektine. Ing wektu sak wengi wae sawahe kang Senthun kang ambane sak hektar wis entek tanpa tilas. Bareng srengenge wis katon tronthong-tronthong ana sisih wetan, Jayawirog banjur mrentahake marang kawulane supaya enggal-enggal bali menyang kraton tikus.

Wengi candhake, siji mbaka siji ewon tikus iku uga ngrusak tanduran pari ing sawahe kang Kepil, Lik Jlawah, Pak Sastra lan Pak Poleng.

Kocapa, saiki tanduran pari ing sakiwa tengene kraton tikus mau wis entek ludhes. Jayawirog banjur mrentah kawulane supaya golek pangan ing saindhenge Tanah Jawa. Tikus-tikus anak-anak kanthi cepet banget lan ngrusak kabeh tanduran pari.

Ing Tanah Jawa nganti larang pangan, wong-wong ing Tanah Jawa nganti padha kaliren. Para kadang tani banjur nganakake musyawarah, banjur ngutus Dewi Sri supaya ngadhep Kanjeng Nabi Soleman nyuwun pengadilan.

Ing ngarsane Kanjeng Nabi Soleman, Dewi Sri banjur ngaturake sembah lan matur, "Kanjeng Nabi kula lan kadang tani ing Tanah Jawi nyuwun pengadilan, amargi taneman pantun ing saindhenging Tanah Jawi karisak dening Jayawirog lan kawulanipun."

"Putuku, nini Dewi Sri, aja banget anggonmu susah atimu, aku arep rawuh ing Tanah Jawa. Tikus-tikus kurangajar iku arep sun patrapi paukuman."

Kocapa, Kanjeng Nabi Soleman sida tindak menyang Tanah Jawa. Dheweke njujuk ing sapinggire kali Serang, sacedhake kraton tikus, banjur lumaku tumuju menyang gua kanng dadi kraton tikus mau. Banjur nyekel tikus siji terus disunduki nganggo biting banjur dituncepake ana bolongan guwa. Ora gantalan dina banjur teka ula kang tlesar-tleser maneka warna jinise. Ula kasebut kang dadi pangarepe yakuwi Sang Nagaraja.

"Kanjeng Nabi Soleman," ature Sang Nagaraja sinambi atur sungkem pangabekti, "Ing negari kawula nembe awis tedha. Kula nyuwun tedha, kajengipun kawula ing negari kula mboten sami kaliren."

"He Nagaraja, prentahen kawulamu padha mangan tikus ing guwa-guwa iki," mengkono sabdane Kanjeng Nabi Soleman.

Sang Nagaraja banjur mrentah kawulane supaya enggal-enggal mlebu menyang kraton tikus. Tikus-tikus ing guwa iku banjur dimangsa. Akeh banget kawulane Jayawirog kang dadi mangsane Sang Nagaraja lan kawulane. Jayawirog lan sawetara kawulane kang kasil slamet banjur mlayu.

Yen wiwit wayah bengi tikus-tikus isih akeh kang ngrusak tanduran pari ing Tanah Jawa. Kanjeng Nabi Soleman banjur nyeluk ratuning manuk siluman kang aran Surabeluk.

"Kanjeng Nabi Soleman, kula pun Surabeluk nyadhong dhawuh," ature Surabeluk karo nyembah.

"He, Surabeluk. Wiwit wengi iki prentahna kawulamu padha mangan tikus."

"Sendika dhawuh Kanjeng Nabi," Surabeluk matur karo nyuwun pamit medal pasilan.

Surabeluk banjur nyeluki kanca-kancane manuk kang sabane ing wayah bengi, kaya manuk engkak, manuk kolik-kolik tuu, uga manuk guweg lan liya-liyane. Kabeh diprentah supaya mangan tikus-tikus ing Tanah Jawa. Wiwit bengi kuwi kawulane Surabeluk banjur ngoyak-oyak tikus terus dimangsa.

Saya suwe tikus ing Tanah Jawa saya cures amarga dimangsa kawulane Sang Nagaraja lan kawulane Surabeluk. Jayawirog banjur sedhih atine mikirake bab iku. Dheweke wedi menawa tikus nganti entek dimangsa Nagaraja lan Surabeluk. Jayawirog banjur ngadhep Kanjeng Nabi Soleman.

"Kanjeng Nabi Soleman, gadhah dosa menapa kok ngantos kawula ing Kraton Tikus kamangsa dening kawulanipun Sang Nagaraja lan Surabeluk," ature Jayawirog karo nyembah.

"He, Jayawirog . Gedhe banget dosamu amarga kawulamu ngrusak tanduran pari ing Tanah Jawa. Kadang tani ing Tanah Jawa tak prentah supaya ngingu ula lan manuk wengi kanggo jaga sawah lan tanduran parine pisan."

"Kanjeng Nabi Soleman, kula lan para kawula kula nyuwun pengayoman,"ature Jayawirog.

"Yen sira saguh nglereni anggonmu nggragas, sira bakal slamet. Sira ora kena gawe rusak tanduran pari maneh. Apa sira lan kawulamu saguh?"

"Inggih, sendika Kanjeng Nabi, waton kula lan para kawula saget slamet." ujare Jayawirog marang Kanjeng Nabi Soleman.

Jayawirog lan kawulane saiki wis oran nggragas maneh. Kahanan ing Tanah Jawa wis bali titi tentrem kaya wingi uni. Tikus, ula, manuk wengi lan para kadang Tani bisa urip bebarengan. Kadang tani wis tambah makmur uripe lan wis ora ana kawula ing Tanah Jawa kang nandhang kaliren maneh.

Terjemahan:

4. JAYAWIROG SI RAJA TIKUS

Pada zaman dahulu ada seekor tikus yang sangat besar berwarna hitam kecoklatan, bernama Jayawirog. Besarnya kira-kira sebesar kucing kuwuk. Kegemaran tikus Jayawirog itu bertapa untuk mendapatkan kesaktian. Setelah lama bertapa ia menghadap Nabi Soleman.

"Tuan Nabi Soleman, hamba mohon kesaktian sehingga hamba dapat menjadi manusia. Selain itu, hamba minta makanan karena di tepat hamba tidak ada makanan enak," kata Jayawirog sambil menyembah.

"Jayawirog, permohonanmu kukabulkan. Kamu kuizinkan memakan berbagai jenis tanaman padi-padian. Kamu juga kuberi cambuk sakti. Jika cambuk itu kamu bunyikan tubuhmu akan berubah menjadi manusia," titah Nabi Soleman.

Jayawirag kemudian kembali ke Negeri Antah Berantah. Pada waktu itu di Negeri Antah Berantah belum ada tanaman padi. Tanaman padi hanya ada di Tanah Jawa. Oleh karena itu, Jayawirog mengajak kawan-kawannya berimigrasi ke Tanah Jawa. Kawan-kawan Jayawirog yang ikut berimigrasi ke Tanah Jawa di antaranya adalah Jayapithi dan Jayaclurut. Selanjutnya, Jayawirog diangkat oleh kawan-kawannya menjadi raja.

Jayawirog dan rakyatnya telah sampai di Tanah Jawa. Jayawirog membunyikan cambuk saktinya. Seketika itu ia berubah ujud menjadi manusia. Ia memakai ikat kepala wulung, baju lurik, dan sarung kotak-kotak. Tangan kanannya memegang cambuk untuk memberi komado kepada rakyatnya. Tempat yang mereka tuju adalah daerah persawahan subur di dekat sungai Serang. Sampai di tempat itu Jayawirog memerintah rakyatnya membuat istana di dekat perswahan.

Ribuan tikus itu segera membangun istana berupa sebuah gua yang besar. Jayawirog kemudian tinggal di istana, sedangkan rakyatnya tinggal di komplek istana.

Pada suatu hari Jayawirog duduk di singgasananya dihadap Jayapithi dan Jayaclurut serta rakyat tikus sekalian. Jayawirog mengumumkan peraturan baru kepada rakyatnya, yaitu mewajibkan rakyatnya tidur siang hari dan mencari makan malam hari. Tikus yang melanggar peraturan itu akan di keluarkan dari negeri tikus.

Ketika matahari mulai tenggelam, Jayawirog keluar dari istana. Ia membunyikan cambuk sakti. Seketika itu ia berubah menjadi manusia. Rakyat tikus mendengar bunyi cambuk itu segera menghadap rajanya. Mereka kemudian digiring oleh Jayawirog ke daerah persawahan.

"Jayapithi dan Jayaclurut, malam ini kita mencari makan di sawah Pak Senthun," kata Jayawirog.

Jayapithi dan Jayaclurut memimpin ribuan tikus itu menuju ke sawah Pak Senthun. Raja tikus Jayawirog mengiringkan di belakang sambil membunyikan cambuk. Sepanjang malam ribuan tikus

itu merusak tanaman padi Pak Senthun sehingga padi satu hetar itu habis. Menjelang fajar Jayawirog memerintahkan rakyatnya kembali ke kerajaan tikus.

Malam berikutnya, secara berturut-turut ribuan tikus itu merusak tanaman padi di sawah Pak Kepil, Pak Jlawah, Pak Sastra, dan Pak Poleng.

Kini tanaman padi di sekitar kerajaan tikus telah habis. Jayawirog pun menyuruh rakyatnya mencari makan di berbagai daerah di Pulau Jawa. Tikus-tikus itupun berkembang sangat cepat dan merusak daerah pertanian. Akibatnya, penduduk Tanah Jawa kekurangan bahan makanan. Para petani kemudian bermusyawarah. Mereka sepakat mengutus Dewi Sri menghadap Nabi Soleman untuk mengadukan nasib mereka.

Di hadapan Nabi Soleman, Dewi Sri berkata sambil menyembah, "Tuan, hamba mohon keadilan karena tanaman padi di Tanah Jawa dirusak oleh Jayawirog dan rakyatnya."

"Cucuku, Dewi Sri, kamu jangan sedih karena aku akan datang ke Tanah Jawa. Aku akan menghukum tikus-tikus rakus itu."

Nabi Soleman telah sampai di Tanah Jawa dan mendarat di dekat sungai serang. Ia kemudian menuju ke gua kerajaan tikus. Ditangkapnya seekor tikus lalu ditusuk dengan lidi dan ditancapkan di mulut gua. Tidak berapa lama kemudian datanglah berbagai macam ular dibawah pimpinan raja ular Nagaraja.

"Tuan Nabi Soleman," kata Nagaraja sambil menyembah, "Di tempat hamba sedang kekurangan makanan. Hamba minta makanan untuk rakyat hamba."

"Hai Nagaraja, perintahkan rakyatmu memakan tikus di dalam istana kerajaan tikus," titah Nabi Soleman.

Nagaraja menyuruh rakyatnya masuk ke dalam istana kerajaan tikus. Mereka lalu memangsa tikus-tikus di situ. Banyak rakyat Jayawirog yang menjadi santapan para ular itu. Jayawirog dan sebagian rakyatnya berhasil menyelamatkan diri.

Ketika malam tiba tikus-tikus masih banyak yang berkeliaran di Tanah Jawa. Nabi Soleman memanggil raja burung yang bernama Surabeluk.

"Tuan Nabi Soleman, Hamba menghadap," kata Surabeluk menyembah.

"Hai, Surabeluk. Mulai malam ini perintahkan rakyatmu memakan tikus."

"Hamba akan melaksanakan titah Nabi Soleman," kata Surabeluk seraya mohon diri.

Raja burung Surabeluk memanggil burung hantu, burung engkak, burung kolik, dan burung guweg. Mereka diperintahkan untuk memakan tikus-tikus di Tanah Jawa. Mulai malam itu rakyat Surabeluk memburu tikus sebagai makanannya.

Lama-lama tikus di Tanah Jawa berkurang karena dimakan oleh rakyat Nagaraja dan rakyat Surabeluk. Sedihlah Jayawirog memikirkan hal itu. Ia takut rakyatnya akan habis. Jayawirog pun menghadap Nabi Soleman.

"Tuan Nabi Soleman, apa dosa hamba sehingga rakyat hamba dimangsa oleh rakyat Nagaraja dan rakyat Suratbeluk," kata Jayawirag sambil menyembah.

"Hai, Jayawirog. Dosamu sangat besar karena rakyatmu merusak seluruh tanaman padi di

Tanah Jawa. Sekarang petani di Tanah Jawa kuperintahkan memelihara ular dan burung hantu untuk menjaga sawah."

"Hamba mohon perlindungan, Tuan Nabi Soleman," kata Jayawirog.

"Jika kamu tidak rakus kamu akan selamat. Kamu tidak boleh lagi merusak tanaman padi. Apakah kamu sanggup""

"Hamba sanggup asal rakyat hamba selamat," jawab Jayawirog.

Jayawirog dan rakyatnya tidak rakus lagi. Keadaan di Tanah Jawa menjadi teteram seperti sediakala. Tikus, ular, burung hantu serta petani bisa hidup berdampingan. Ekositem di Tanah Jawa menjadi seimbang lagi, yaitu tidak kebanyakan tikus, ular,dan burung hantu. Petani menjadi makmur dan tidak ada lagi orang yang mati karena kelaparan.

5. MULA BUKANE UMBUL TLATAR

Dhek jaman biyen ing Pulo Jawa sisih tengah ana alas gung liwang-liwung. Ing alas kono kebak wit-witan kang gedhe lan uga akeh thethukulan kang cilik-cilik. Alas iku uga dadi papan dununge maneka warna kewan-kewan, kaya kewan-kewan galak, raja kaya lan manuk sarta iwen-iwen.

Sapinggire alas kono ana sawijining desa kang arane Kademangan Catursari. Kang nyekel paprentahan ing kono yaiku Ki Demang Sepuh. Ki Demang Sepuh mrentah kanthi adil lan wicaksana. Kawula ing Kademangan Catursari tansah urip ayem tentrem. Kabeh panguripane bisa dicukupi saka pametune alas mau.

Ora let suwe Ki Demang Sepuh seda. Paprentahan ing Kademangan Catursari diganti dening Ki Demang Anom, putrane Ki Demang Sepuh. Ki Demang Anom ora nate mikirake kawulane. Dheweke mung mikirake kepentingane dhewe. Alas sak isine pisan digadhekake marang wong-wong manca. Dening wong manca, kabeh wit-witan padha ditegori lan kabeh isi-isine alas dikuras nganti entek. Akibate kali-kali ing Kademangan Catursari dadi garing ora ana banyune. Kahanan kang kaya mangkene iki isih katambah anane ketiga kang dawa. Panguripan kawula ing

Kademangan Catursari saya tambah rekasa nganti ana kang padha kaliren.

Ing mangsa paceklik iki kawula ing Kademangan Catursari ngarep-arep tekane Raden Bagus Kencana, adine Ki Demang Anom seje ibu. Nanging wektu iki dheweke lagi meguru marang Begawan Abiyasa ing Pertapan Gunung Pitu.

Kocapa, Taden Bagus Kencana wis tutug anggone sinau. Banjur ngadhep marang sang begawan.

"Anakku, Bagus Kencana," sabdane Sang Begawan Abiyasa marang muride iku,"Esuk iki uga sira enggal-enggal bali negaramu"

Raden Bagus Kencana katon kaget," Wonten kedadosan menapa ing Kademangan Catursari, Bapa Guru?"

"Mangertiya ya ngger, wis sawetara wektu ing Kademangan Catursari lagi nandhang paceklik lan ketrajang ketiga kang dawa. Akeh para kawula kang padha kaliren.

Ing wanci kang isih esuk Raden Bagus Kencana sida ninggalake papan pagurone budhal mulih menyang papan kelairane, yaiku menyang Kademangan Catursari. Dheweke dikancani abdine kang kinasih kang aran Cipto Gareng lan Cipto Jiyo.

Kocapa, lakune Raden Bagus Kencana wis tekan tapel watese Kademangan Catursari. Saka kene wis katon lemah kang biyene subur saiki wis malih dadi lemah kang nela lan wit-wit kang padha garing ora ana godhonge. Para kawulane katon kuru-kuru kaya mayit urip.

"Kanggo nylametake kawula saka paceklik lan ketiga kang dawa iki aku kudu bisa nemokake

sumber banyu," batine Raden Bagus Kencana katon sedhih banget.

Sawise tekan ing omahe eyange, Raden Bagus Kencana kapapag dening keng ibu, eyang kakung lan eyang putrine. Sabanjure terus lungguh bebarengan ing pendhapa ngrembug bab kahanan paceklik lan ketiga kang dawa uga kawula kang padha kaliren ing Kademangan Catursari.

Raden Bagus Kencana cerita menawa ing kayangan Si Pendhok ana telaga kang banyune kimplah-kimplah. Dheweke nampa dhawuh saka gurune, Begawan Abiyasa, supaya bisa ngilekake banyu saka kayangan Si Pendhok menyang Kademangan Catursari.

"Besok kapan anggomu budhal menyang Kayangan Si Pendhok, ngger?" eyang kakunge takon marang Raden Bagus Kencana.

"Benjing enjing, eyang," jawabe Raden Bagus Kencana.

Sakdurunge srengenge njedhul saka wetan, Raden Bagus Kencana wis tangi anggone turu. Banjur nggugah Cipto Gareng lan Cipto Jiyo kang isih njingkrung. Raden Bagus Kencana banjur nyuwun pangestu marang ibu lan eyange.

"Ibu mangestoni lakumu, ngger. Gawanen sangu iki kanggo kebutuhanmu ing ndalan," ujare keng ibi karo ngusap luhe kang tumetes saka mripate.

Sigra budhal Raden Bagus Kencana kairing dening abdine kang kinasih ninggalake Kademangan Catursari. Dalan menyang Kayangan Si Pendhok adoh banget. Ngliwati alas Pothen kang angker lan kebak kecu lan durjana liyane.

Kocapa, lakune Raden Bagus Kencana wis tekan ing Kayangan Si Pendhok. Katon sawijining telaga kang ambane ora mekakat lan banyune bening banget saengga dasaring telah bisa katon.

Kakang Cipta Gareng lan Cipta Jiyo, aku arep semedi ana kene. Tak jaluk kakang sakloron uga melu nyenyuwun marang Sang Hyang Widhi ben kersa ngabulake panyuwun kita kanggo nylametake kawula ing Kademangan Catursari."

Cipta Gareng lan Cipta Jiya banjur manthuk.

Panyuwune Raden Bagus Kencana dikabulake dening Sang Hyang Widhi. Ing sakjroning semedi kaya keprungu swara, "Bagus Kencana, Panyuwunira sun kabulake. Banyu arep dikirim liwat ngisor lemah. Mung welingku aja pisan-pisan sirahmu nolah-noleh."

Katon bungah atine Raden Bagus Kencana amarga kang den sedya bisa oleh hasil. Dheweke lan abdine sakloron banjur gage-gage bali mulih menyang Kademangan Catursari.

Lakune Raden Bagus Kencana ora nolah-noleh ngiwa nengen. Dheweke pengin enggal-enggal tekan ing Kademangan Catursari.

Kocapa, lakune Raden Bagus Kencana wis tekan dhukuh Tlatar. Dumadakan krungu swara gembrudug kaya ana gunung jugrug. Saknalika banjur noleh nyang mburi. Banjur kaget bareng nyumurupi banyu kang nyembur saka nglemah. Saya suwe banyune saya akeh arep ngebaki jagad.

"Ojo-ojo banyu kang gedhe iki bisa ndadekake Tanah Jawa dadi segara," batine Raden Bagus Kencana tansah was sumelang, "Apa maneh bareng katon ana gerombolan iwak teri kang

nglangi ing kono. Iwak teri iku rak jinising urip ing segar?"

Raden Bagus Kencana katon keduwung atine amarga dheweke noleh nyang mburi, amarga ing Kayangan Si Pendhok mau wis diweling ora kena noilah-noleh lakune. Ya, amarga nolah-noleh iku kang njalari banyu kang dikirim liwat ngisor lemah banjur njebos ana ing dhukuh Tlatar. Saliyane iuku dheweke uga bingung anggone golek cara supaya bisa nyumpeli umbul Tlatar, kareben Tanah Jawa ora dadi segara.

Raden Bagus Kencana banjur bali sowan maneh menyang Kayangan Si Pendhok. Banjur semedi maneh nyuwun pepadhang saka Sang Hyang Widhi. Sawise semedi pitung dina lawase banjur nampa wangsit.

"Bagus Kencana, umbul ing Tlatar sumpelana nganggo gong kang digawe saka emas. Wis saiki sira enggal baliya menyang Kademangan Catursari. Banyu arep ngetutake lakumu."

Raden Bagus Kencana banjur enggal-engal ninggalake kayangan Si Pendhok bali mulih menyang Kademangan Catursari. Sawise sawetara wektu lumaku, dumadakan keprungu swara gembrudug ing samburine. Banjur dheweke noleh. Lha kok ana banyu kang ngetutake lakune Raden Bagus Kencana. Menawa Raden Bagus Kencana mandheg banyu iku melu mandheg, semono uga menawa Raden Bagus Kencana mlaku banyu kasebut uga melu ngetutake lakune. Sabanjure Raden Bagus Kencana terus mlayu banter banget nganti tekan Kademangan Catursari. Iline banyu kang ngetutake lakune Raden Bagus Kencana mau banjur dadi kali kang ngliwati Kademangan Catur-

sari.Kali kang anyar iki banjur diarani kali Buthak, amarga rikala dumadine banyune buthek banget lan keprungu swara kemlothak saka swarane watu-watu kang kelî banyu.

Kawula ing Kademangan Catursari bungah atine bareng Raden Bagus Kencana kasil nggawa banyu menyang Kademangan Catursari. Kabeh padha suka parisuka, nganakake andrawina. Ing satengahing andrawina iku Raden Bagus Kencana ngandhakake menawa ora suwe maneh tanah Jawa bakal dadi segara amarga umbul ing Tlatar terus mbludak. Ben aja nganti mbludak kudu di sumpeli nganmggo gong kang digawe saka emas.

Para kawula ing Kademangan Catursari banjur urungan nglumpukake emas kanggo gawe gong.Telung dina cadhake gong kang digawed saka emas 33 kilogram wis rampung anggonenggawe lan terus digawa menyang umbul Tlatar. Gong kasebut banjur kasumpelake menyang umbul kang gedhe dhewe. Shitik mbaka sethithik banyu kang muncrat iku saya cilik. Nganti seprene banyu ing umbul Tlatar tetep mili ora tau asat.

Terjemahan:

5. ASAL MULA UMBUL TLATAR

Pada zaman dahulu di Pulau Jawa bagian tengah tedapat sebuah hutan lebat.Di hutan itu tumbuh berbagai macam pepohonan besarmaupun semak-semak kecil. Berbagai jenis binatang pun menghuni hutan itu, baik binatang buas maupun binatang memamah biak, dan binatang unggas.

Di pinggir hutan itu ada sebuah pemukiman penduduk bernama Kademangan Catursari. Yang memimpin kademangan itu adalah Ki Demang Sepuh. Ia memerintah dengan adil dan bijaksana. Rakyatnya aman tentram dan damai. Semua kebutuhan hidup mereka tercukupi dari hasil hutan.

Ki Demang Sepuh Anom anak Ki Demang Sepuh. Ki Demang Anom tidak mau memikirkan kepentingan rakyatnya. Ia mementingkan kepentingan pribadinya sendiri. Hutan dan kekayaan alam digadaikan kepada kaum pendatang. Kaum pendatang itu kemudian menggunduli hutan dan menguras seluruh kekayaan alam. Akibatnya, sungai-sungai yang mengalir di Kademangan Catursari menjadi kering. Keadaan ini diperparah

lagi dengan terjadinya kemarau panjang . Kehidupan penduduk Kademangan Catursari semakin sulit dan bencana kelaparan menimpa mereka.

Pada masa sulit itu penduduk Kademangan Catursari mengharapkan kedatangan Raden Bagus Kencana, adik Ki Demang Anom lain ibu. Tetapi, tokoh idola mereka itu tengah berguru kepada Bagawan Abiayasa di pertapaan di Gunung Pitu beberapa tahun yang silam. Kini Raden Bagus Kencana telah menguasai berbagai macam ilmu.

"Anakku, Bagus Kencana," Kata Bagawan Abiyasa, "Pagi ini juga kembalilah ke tanah leluhurmu."

Raden Bagus Kencana terkejut, "Apa yang terjadi di Kademangan Catursari?"

"Ketahuilah Bagus Kencana, Kademangan Catursari telah lama dilanda kekeringan dan kelaparan."

Pagi itu Raden Bagus Kencana meninggalkan pertapaan Gunung Pitu bersama abdi setianya yang bernama Cito Gareng dan Cipto Jiyo.

Tidak diceritakan perjalanannya, Raden Bagus Kencana telah sampai di perbatasan Kademangan Catursari. Sepanjang jalan ia melihat tanah merah retak-retak pepohonan tidak berdaun. Penduduk desa kurus kering bagaikan mayat berdiri.

"Untuk mengatasi kekeringan ini aku harus segera mencari sumber air," guman Raden Bagus Kencana sedih.

Sampai di rumah kakeknya, Raden Bagus Kencana disambut oleh ibu, kakek, dan neneknya. Mereka lalu duduk di pendapa membicarakan masalah kekeringan dan bahaya kelaparan di Kademangan Catursari.

Bagus Kencana bercerita bahwa di Kayangan Si Pendok ada sumber air yang melimpah. Ia di perintahkan oleh gurunya, Bagawan Abiyasa, untuk memindahkan sumber air itu ke Kademangan Catursari.

"Kapan cucuku pergi ke Kayangan Si Pendok?" tanya kakeknya

"Besok Kek. Sebelum matahari terbit," jawab Raden Bagus Kencana singkat.

Sebelum matahari menyingsing Raden Bagus Kencana telah bangun. Ia membangunkan Cito Gareng dan Cipto Jiyo yang masih tertidur pulas. Raden Bagus Kencana lalu mohon dua restu kepada ibu, kakek, dan neneknya.

"Ibu merestuimu. Bawalah bekal ini untuk keperluanmu dalam perjalanan," kata ibu Raden Bagus Kencan sambil mengusap air matanya.

Raden Bagus Kencana diiringkan kedua abdi setianya meninggalkan Kademangan Catursari. Jalan yang mereka tempuh cukup jauh. Mereka harus melewati hutan Pothen yang angker dan banyak perampoknya.

Sampailah mereka di Kayangan Si Pendok. Mereka melihat sebuah danau yang luas dan airnya sangat jernih hingga dasar danau itu kelihatan.

"Kakang Cipta Gareng dan Cipta Jiyo, aku akan bertapa di sini. Kuharap kakang berdua ikut bertapa momohon kepada Sang Hyang Wenang

agar memberikan air kepada rakyat Kademangan Catursari."

Cipto Gareng dan Cipto Jiyo mengangguk

Permintaan Raden Bagus Kencana dikabulkan oleh Sang Hyang Wenang. Ia seolah-olah mendengar suara lembut, "Bagus Kencana, permohonanmu dikabulkan. Air akan dikirim lewat bawah tanah. Pesanku, jangan sekali-sekali kamu menengok."

Muka Raden Bagus Kencana tampak cerah karena permohonannya dikabulkan. Ia dan kedua abdi setianya begegas kembali ke Kademangan Catursari. Raden Bagus Kencana berjalan tidak menengok ke kiri dan ke kanan. Ia ingin cepat sampai di Kademangan catur sari.

Raden Bagus Kencana telah sampai di dukuh Tlatar. Tiba-tiba ada suara gemuruh bagaikan sebuah bukit runtuh. Seketika itu ia menengok ke belakang. Ia sangat terkejut karena dilihatnya air menyebur dari dalam bumi. Makin lama air itu makin meluap.

"Jangan-jangan air ini akan menenggelamkan Pulau Jawa," gumam Raden Bagus Kencana was-was, " Apalagi dalam air ini ada segerombolan ikan teri. Bukankah ikan teri itu jenis ikan yang hidup di lautan?"

Raden Bagus Kencana sangat menyesal karena telah menoleh ke belakang. Akibatnya, air yang dikirim lewat bawah tanah muncul di Tlalar. Di samping itu, ia kebingunngan memikirkan cara menyumbat Umbul Tlatar agar Pulau Jawa tidak menjadi lautan.

Raden Bagus Kencana memutusankan kembali ke Kayangan Si Pendok. Ia bertapa lagi untuk

minta petunjuk kepada Sang Hyang Wenang. Setelah tujuh hari tujuh malam bertapa ia mendapat wangsit.

"Bagus Kencana, sumbatlah Umbul Tlatar dengan sebuah gong yang terbuat dari emas. Sekarang pulanglah, air akan mengikuti setiap langkahmu."

Raden Bagus Kencana bergegas meninggalkan Kayangan Si Pendok. Setelah beberapa lama berjalan tiba-tiba di belakangnya ada suara gemuruh, yaitu suara air yang mengikutinya. Apabila Raden Bagus Kencana berhenti air itu ikut berhenti, sebaliknya apabila Raden Bagus Kencana berjalan air itu mengalir. Akhirnya, Raden Bagus Kencana berlari sampai di Kademangan Catursari. Sungai yang baru saja terbentuk itu dinamakan sungai Buthak karena waktu terbentuknya airnya sangat *buthek* 'keruh' dan terdengar suara batu yang terseret air *kemlothak*.

Warga Kademangan Catursari bersuka cita karena Raden Bagus Kencana telah pulang membawa air yang melimpah. Mereka mengadakan mengadakan pesta syukuran. Dalam acara syukuran itu Raden Bagus Kencana berkata bahwa sebentar lagi Pulau Jawa akan menjadi lautan karena air Umbul Tlatar terus meluap. Untuk mengatasi hal itu Umbul Tlatar harus di sumbat dengan sebuah gong yang terbuat dari emas.

Penduduk Kademangan Catursari secara sukarela beramai-ramai mengumpulkan emas untuk dibuat sebuah gong. Tiga hari kemudian sebuah gong yang terbuat dari emas seberat 33 kg telah siap di bawa ke Umbul Tlatar. Gong itu kemudian disumpalkan ke Umbul Tlatar. Air Umbul

Tlatar yang telah meluap itu perlahan-lahan surut. Sampai sekarang Umbul Tlatar airnya tetap mengalir dan tidak pernah kering sepanjang masa.

6. KI GONDOLELANA NDHALANG ING GUNUNG GLUDUG

Jaman biyen ana sawijining dhalang kang kondhang banget arane Ki Gandalelana. Dheweke kerep ditanggap menyang desa-ngadesa yen ana pahargyan kayata merti desa, ruwatan, supitan, selametan lan uga ing acara ngantenan. Kondhange dhalang Ki Gandalelana nganti tekan ing kratone para lelembut ing Gunung Gludhug.

Sawijining dina ing omahe Ki Gandalelana ana tamu lelembut kang wis salin wujud dadi manungsa, arane Ki Cleretmaya. Lelembut kasebut asale saka Gunung Gludhug. Ki Gandalelana banjur mbagekake tamune lan banjur diaturi lungguh ing kursi .

"Dimas saking pundi lan sinten asmane dimas?" pitakone Ki Gandalelana marang tamune kang nembe rawuh iku.

"Asal kula saking Gunung Gludhug dene tiyang-tiyang mastani kula pun Cleretmaya."

"Lajeng wonten wigatos menapa dene dimas keraya-raya rawuh ing griya kula mriki?"

"Sowan kula mriki dipun utus dening gusti kula Ki Bledheg Ragamaya saperlu ngaturi Ki Gandalelana supados ngringgit ing Gunung Gludhug. Menawi longgar ing dinten Kamis Paing," ature Ki Cleretmaya.

Ki Gandalelana mesem, "Dhawah kaleresan dimas, dinten menika kula longgar. Kula sagah nampi panyuwunan dimas Cleretmaya."

Kocapa, Ki Gandalelana sida budhal menyang Gunung Gludhug. Tindake mung nggawa niyaga lan sindhen wae amarga gamelan lan wayang wis dicawisake kang duwe gawe.

Ing dina Kamis Paing Ki Cleretmaya mapag Ki Gandalelana sak rombongan kanthi ngawa andhong cacahe loro. Gunung Gludhug kuwi adoh banget karo papane Ki Gandalelana. Lakune ngliwati karang padesan, sawah-sawah uga ngliwati alas gung liwang-liwung. Satekane ing desa Klebengan rombongane Ki Gandalelana banjur leren sedhela. Ki Gandalelana banjur mudhun saka andhong terus leren ana sangisore wit gedhe madhep ngalor.

"Pancen endah tenan sesawangan ing Gunung Gludhug," batine Ki Gandalelana.

Sarampunge jaran-jaran kang narik andhong diwenehi pakan, Ki Gandalelana lan rombongan nerusake lakune tumuju ngalor. Dumadakan andhong kang ditumpaki lakune tambah cepet kaya mabur ngliwati dalan-dalan kang amba lan edhum. Sakiwa tengene dalan iku katon katon omah-omah para kawula kang elok-elok banget. Latare katon amba banget lan kebak pasren. Ora let suwe lakune Ki Gandalelana wis tekan ing Gunung Gludhug, kratone Ki Bledheg Ragamaya.

"Tiba aneh temen kok dumadakan aku ana ing sawijing kutha raja," batine Ki Gandalelana karo gumun.

"Ki Gandalelana, kita sampun dumugi ing Gunung Gludhug," ature Ki Cleretmaya karo nggandheng tangane Ki Gandalelana terus ngadhep Ki Bledheg Ragamaya.

Nalika semana Ki Bledheg Ragamaya lagi nampa pisowanan saka para nayaka praja ing kraton lelembut kasebut. Ki Cleretmaya banjur nyembah ratu gustine banjur paring pelapuran ngenani kerawuhane Ki Gandalelana.

"Kula ngaturaken sugeng rawuh dhateng Ki Gandalelana sak rombongan. Mangga kula aturi lenggah ingkang sekeca," ature Ki Bledheg Ragamaya marang tamune kang nembe rawuh.

"Inggih, matur sembah nuwun," jawabe Ki Gandalelana cekak.

"Kula badhe ngawontenaken pahargyan ing dinten Kamis Paing. Ringgitan samakih kula suwun Ki Gandalelana kersa nggelar lampaha sudamala. Supados negari Gunung Gludhug mriki tinebihna saking bebaya."

"Inggih, kula namung ndherek kersanipun Ki Bledheg Ragamaya."

Sabanjure Ki Gandalelana sak rombongan diaturi ngaso sawetara ing nggandok tengen. Ki Gandalelana banjur nglumpukake rombongane, banjur aweh pepeling, "Sira kabeh sing padha ngati-ati. Papan kene iki sajake kok aneh. Kaya mlebu ing negara lelembut. Nanging sira kabeh aja padha wedi, menawa atimu suci bakal nampa keslametan."

Nalika wis meh sore, Ki Gandalelana banjur menyang pringgitan saperlu nata gamelan lan nata wayang. Dheweke katon gumun meruhi wayang lan gamelan kagungane Ki Bledheg Ragamaya.

Wayange gedhe-gedhe sundhul kelir, gamelane sinepuh emas lan swarane gandem marem.

Sakdurunge wayang wiwit digelar para tamu agung wis pada rawuh ing pendhapa. Sandhangane katon apik-apik. Kang wadon padha nganggo gelang kalung emas rajabrana.

"Pancen mulya tenan kawula ing Gunung Gludhug kene," batine Ki Gandalelana.

Jam sanga bengi pagelaran wayang kulit wis diwiwiti. Swara sindhen, Nyi Gendhinglaras, Nyi Maduswara lan Nyi Kamti sarta swarane wiraswara Ki Midi katon mantep. Pagelaran iki katon gayeng, sewengi nutug ora ana tamu kang mingset saka papan palungguhane. Ratune lelembut dalah para kawulane katon marem penggalihe.

Ki Bledheg Ragamaya paring pangalembana marang Ki Gandalelana. Banjur menehi upah kang gedhe banget. Ki Gandalelana katon bungah.

"Ki Bledheg Ragamaya, gandheng kuwajiban kula sampun paripurna, kula sak rombongan badhe nyuwun pamit."ature Ki Gandalelana marang Ki Bledheg Ragamaya.

"Nggih, sugeng tindak konduripun," ature Ki Bledheg Ragamaya, "Namung, weling kula ingkang wigati, ing margi samangke sampun ngantos sami padudon. Awit menawi sami padudon samangke badhe manggih bebaya."

"Nuwun inggih, sedaya piwelingipun Ki Bledheg Ragamaya tansah kula enget-enget," jawabe Ki Gandalelana.

Kondure Ki Gondolelana lan rombongan didherekake nganggo andhong cacah loro kaya nalika budhal dhek wingi. Ki Gandalelana, para sindhen, wiraswara, juru gender lan juru rebab

numpak andhong kang sisih ngarep.Andhong kang mburi ditumpaki para niyaga liyane.

Nalika lakune tekan ing desa Klebengan andhong kang ana mburi mandheg. Para niyaga kang numpak ing andhong iku katon padha regejegan amarga pangedume upah ora adil. Ora let suwe andhong sak penumpange musna saka pandulu.

Andhong kang ana ngarep uga banjur mandheg. Kabeh penumpang kang lanang padha mudhun nggoleki kanca-kancane kang ilang musna. Para sindhen tetep nunggu ana ing andhong. Nanging Ki Gandalelana sak kanca ora bisa nemokake kanca-kancane. Malah Ki Gandalelana sak kancane katut ilang musna pisan.

Para sindhen banjur bali mulih ngabari sanak kadang ing desane menawa Ki Gandalelana dalah para niyaga kalap ana ing Gunung Gludhug.

Ilange Ki Gandalelana iku pancen wis dadi kekarepane ratu lelembut ing Gunung Gludhug. Ratu lelembut Ki Bledheg Ragamaya banget kesengsem marang olah kridhane Ki Gandalelana nalika ndhalang. Mula ing dina-dina tertamtu asring keprungu swara gamelan lan wayangan kang asale saka Gunung Gludhug. Menawa krungu swara gamelan lan wayang, warga sekitar Gunung Gludhug percaya menawa Ki Bledheg Ragamaya lagi nanggap wayang kulit.

Terjemahan:

6. KI GONDOLELANA MENDALANG DI GUNUNG GLUDUG

Pada zaman dahulu ada seorang dalang yang sangat terkenal bernama Ki Gandalelana. Ia sering di undang orang ke berbagai desa dalam acara merti desa, ruwatan, selamatan, pernikahan, dan supitan. Nama Ki Gandalelana juga telah dikenal di kerajaan siluman di Gunung Gludug.

Pada suatu hari datanglah tamu siluman yang berwujud manusia, bernama Ki Clretmaya. Siluman itu berasal dari Gunung Gludug. Ki Gandalelana menyambut tamunya dengan ramah dan menyuruhnya duduk di pendapa.

"Dimas dari mana dan siapa nama dimas?" tanya Ki Gandalelana.

"Saya berasal dari Gunung Gludug dan nama saya Cleretmaya."

"Ada keperluan apa Dimas Cleretmaya datang ke pondok saya?"

"Saya disuruh Ki Bledeg Ragamaya mengundang Ki Gandalelana untuk mendalang di Gunung Gludug. Kalau bisa besok hari Kamis Paing," kata Ki Cleretmaya.

Ki Gandalelana tersenyum, "Kebetulan pada hari itu saya tidak ada acara. Saya terima undangan Dimas Cleretmaya."

Akhirnya, Ki Gandalelana mau mendalang di Gunung Gludug. Ia hanya membawa niyaga dan sinden karena gamelan dan wayang telah disediakan oleh Ki Bledeg Ragamaya.

Pada hari yang telah ditentukan Ki Cleretmaya menjemput Ki Gandalelana dengan dua buah andong. Gunung Gludug letaknya sangat jauh dari tempat tinggal Ki Gandalelana. Perjalanan mereka melewati pedesaan, persawahan, dan hutan lebat. Sesampainya di desa Klebengan rombongan Ki Gandalelana istirahat. Ki Gandalelana turun dari andong lalu duduk di bawah sebuah pohon rindang menghadap ke arag utara.

"Sungguh indah pemandangan alam di Gunung Gludug," gumam Ki Gandalelana.

Setelah kuda-kuda penarik andong selesai diberi makan, Ki Gandalelana dan rombongan melanjutkan perjalanan ke arah utara. Tiba-tiba andong yang mereka tumpangi berjalan cepat seperti terbang melewati jalan yang lebar dan rindang. Kanan-kiri jalan tampak rumah-rumah penduduk yang bagus-bagus. Rumah-rumah itu rata berhalaman luas serta ditanmai berbagai tanaman bunga. Tak lama kemudian sampailah rombongan Ki Gandalelana di istana Ki Bledeg Ragamaya.

"Aku heran kok tiba-tiba ada di ibukota negeri," kata Ki Gandalelana dalam hati.

"Ki Gandalelana, kita telah sampai tujuan," kata Ki Cleretmaya seraya menggandeng tangan Ki Gandalelana menghadap kepada Ki Bledeg Ragamaya.

Ketika itu Ki Bledeg Ragamaya sedang di hadap para pejabat kerajaan siluman. Ki Cleretmaya menyembah lalu memberitahukan kedatangan Ki Gandalelana dan rombongan.

"Selamat datang Ki Gandalelana dan rombongan. Kami persilahkan duduk," sapa Ki Bledeg Ragamaya ramah.

"Terima kasih," jawab Ki Gondalelana singkat.

"Kami akan mengadakan pesta syukuran pada hari Kamis Paing. Pagelaran Wayang kulit nanti aku minta lakon ruwatan *sudamala*. Kami berharap negeri Gunung Gludug jauh dari malapetaka."

"Baikalah kalau begitu."

Ki Gandalelana dan rombongan dipersilahkan istirahat di tempat peristirahatan. Ki Gandalelana memperingatkan anak buahnya, "Kalian harus hati-hati. Tempat ini sangat aneh. Kita seperti memasuki sebuah negeri asing. Tetapi, kalian jangan takut karena kalau hati kita suci kita akan memperoleh keselamatan."

Menjelang sore, Ki Gandalelana menuju ke *pringgitan* hendak merapikan gamelan dan wayang. Ia sangat takjub melihat wayang dan gamelan milik Ki Bledeg Ragamaya. Wayangnya besar-besar setinggi kelir, sedangkan gamelannya dilapisi emas dan suaranya sangat merdu.

Sebelum pertunjukan wayang dimulai para tamu agung telah duduk di pendapa. Mereka berpakaian indah, para wanitanya memakai perhiasan dari emas dan permata.

"Sungguh makmur negeri Gunung Gludug ini," gumam Ki Gandalelana.

Pertunjukan wayang dimulai sekitar pukul sembilan malam. Suara *sindhen* 'penyanyi perempuan' Nyi Gendinglaras, Nyi Maduswara, dan Nyi Kamti serta suara *wiraswara* 'penyanyi laki-laki' Ki Midi mulai terdengar merdu mendayu-dayu. Pentas wayang yang digelar oleh Ki Gandalelana sangat meriah. Semalan suntuk tidak ada satu tamu pun yang meninggalkan tempat duduknya. Raja siluman dan rakyatnya merasa puas.

Ki Bledeg Ragamaya memuji penampilan Ki Gandalelana. Ia memberi upah kepada Ki Gandalelana berlebihan. Ki Gandalelana pun sangat senang. "Ki Bledeg Ragamaya, sehubungan tugas saya telah selesai, saya dan anak buah mohon pamit."

"Ya, pulanglah," kata Ki Bledeg Ragamaya, "Pesaku saya, di antara kalian jangan sampai ada yang bertengkar di tengah perjalanan. Jika kalian melanggar pesan ini maka kalian akan mendapat malapetaka."

"Baiklah, semua pesan Ki Bledeg Ragamaya akan kami ingat," jawab Ki Gandalelana.

Ki Gandalelana dan rombongan diantar dua andong. Ki Gandalelana, para sinden, wiraswara, juru gender, dan rebab naik andong yang depan, sedangkan niyaga lainnya naik andong yang belakang.

Ketika sampai di desa Klebengan andong yang belakang berhenti. Para penumpangnya bertengkar mempermasalahkan pembanggian upah yang tidak adil. Seketika itu juga andong dan penumpangnya hilang.

Andong yang ditumpangi Ki Gandalelana berhenti. Semua lelaki turun hendak mencari penumpang dan andong yang hilang. Para sinden tetap menunggu di andong. Ki Gandalelana dan anak buahnya terus mencari orang yang hilang. Tetapi mereka tetap tidak menemukan kawan-kawannya. Bahkan Ki Gandalelana dan anak buahnya ikut hilang.

Para sinden kemudian pulang memberitahukan kepada warga desa bahwa Ki Gandalelana dan anak buahnya *kalap* 'hilang' di Gunung Bludug.

Hilangnya Ki Gandalelana itu memang keinginan raja siluman di Gunung Gludug. Raja siluman Ki Bledeg Ragamaya senang dengan cara mendalang Ki Gandalelana. Itulah sebabnya di Gunung Gluduk pada hari tertentu sering terdengar suara seperti ada pentas wayang kulit. Bila terdengar suara gamelan, masyarakat sekitar Gunung Gludug mempercayai bahwa Ki Bledeg Ragamaya sedang mengadakan pentas wayang kulit.

7. WEDUS GEMBEL

Nalika semana hawa ing Tlogolele beda karo padatan, sing biasane adhem owah dadi panas. Kabeh warga ing kono padha krasa sumuk. Sato kewan uga padha kepanasen. Kidang, kethek, ula, macan lan sato kewan liyane pada metu saka ngerong saperlu golek papan kang addhem.

Ki Jagabaya kang nembe wae bali saka pasar Sunggingan, nampa pelapuran saka warga Tlogolele menawa akeh sato kewan kang padha mudhun gunung.

Ki Jagabya banjur kaget.

"Iki minangka pralambang menawa Gunung Merapi watuk," batine Ki Jagabaya.

Ature Ki Jagabaya mau ora mleset. Ora let suwe banjur ana swara gembrudug kang sumbere saka gunung Merapi lan sawise iku nyemburake keluk kang kandel. Keluk kang wujude kaya jamur barat kang gedhe banget iku dhuwure nganti sundhul langit. Banjur ana angin gedhe nrejang desa Tlogolele. Ki Jagabaya banjur nuthuk kenthongan titir, karepe para warga desa Tlogolele ben enggal-enggal ngungsi.

"Thong ... hong... hong... hong... hong... hong... hong... hong...," mengkona swarane kenthongan iku.

Warga desa Tlogolele krungu swara kenthongan titr iku banjur padha kaget. Akeh kang padha gugup. Kabeh padha metu saka ngomah terus mlayu kebingungan. Playune pating slebar ora genah parane. Ana sing mlayu ngalor, ngulon, ngidul lan uga ana kang ngetan. Amarga saka anggone bingung playune para warga kang ora genah parane iku nyebabake ana sing kepleset nyemplung jurang, saengga akeh kang dadi koebane.

"Thong ... thong ... thong ... thong ... thong ... thong ... thong ... thong...," Ki Jagabaya nuthuk kenthongan maneh karo bengok-bengok sora banget, "Wedhus gembel teko ... wedhus gembel teko ... wedhus gembel teko,"

Krungu swarane ki Jagabaya mau warga Tlogolele banjur padha wedi lan tambah bingung. Ora let suwe banjur ana angin kang gedhe nggondhol wedhus gembel nrejang desa Tlogolele. Kabeh kang keterjang wedhus gembel angus dadi awu utawa mlonyoh. Akeh wong-wong lan sato kewan kang dadi korbane nganti tumekaning pati. Swara pating jlerit lan tangise wong-wong keprungu saka ngendi-endi.

Para pamong desa banjur padha dikumpulake ana ing Balai Desa.

"Ki Lurah," Ki Jagabaya paring pelapuran, "Warga desa Tlogolele kathah ingkang dados korban wedhus gembel. Wonten tiyang seket ingkang nemahi tiwas, tiyang satus ingkang nandhang tatu awrat lan tiyang kalih atus nandhang beset-beset."

Ki Lurah Tlogolele katon banget anggone sedhih lan susah amarga nampa bebendhu iki. Panjenengane banjur ngusap luhe kang ndlewer saka mripate banjur ngendika, "Ayo, kang dadi korban

dirukti bebarengan, sing lara padha ditambani, sing nemahi tiwas dikubur kanthi becik,"

Para warga kang slamet saka bebaya banjur padha ngrukti korban. Sing wadon padha ngopeni korban-korban kang nandhang tatu. Sing lanang padha ndhudhuk kuburan kanggo ngubur kang padha nemahi tiwas. Pangruktining layon lan maca donga disepuhi dening Ki Modin.

Sarampunge upacara penguburan , Ki Lurah Tlogolele dalah para pamong desa liyane banjur ndherekake kondur Bapa Sepuh. Bapa sepuh iku dadi panutane para warga ing Tlogolele kene. Panjenengane duwe kaluwihan bisa sesambungan rembug marang para leluhur kang wis swarga.

"Nak Mas Lurah," ature Bapa Sepuh bareng wis tekan ndaleme,"Aku pengin sowan mring cikal bakal kita. Nyuwun dhawuh supaya pepeteng ing desa Tlogolele enggal-enggal rampung."

"Mangga, Bapa Sepuh", ature Ki Lurah.

Bapa Sepuh banjur mlebu menyang pamujan. Panjenengane banjur manekung muja semedi arep sowan mring cikal bakal kang wis swarga. Sowane Bapa Sepuh ketrima dening Cikal Bakal warga Tlogolele.

"Putuku, ana parigawe apa?"

"Warga desa Tlogolele nyuwun dhawuh supados saged kalis saking bebeya punika, eyang," panyuwune Bapa Sepuh marang Cikal Bakal warga Tlogolele kang wis swarga.

"Putuku, prentahna marang para warga Tlogolele kabeh. Menawa ana bebaya teka ora kena ribut lan gadhuh. Pikiran kudu menep, amarga yen ribut malah bakal akeh kang dadi korban. Wiwit dina iki warga desa Tlogolele ora kena nuthuk

kenthongan. Swarane kenthongan titir iku kang dadi sebab para warga pada gugup lan bingung."

"Menawi mboten nuthuk kenthongan, lajeng kados pundi caranipun paring tandha-tandha menawi wonten bebaya badhe dumugi?" pitakone Bapa Sepuh.

"Yen ana bebaya teka, para warga dikandhani kanthi cara lisan sinambi dituduhake ing ngendi dalane menyang papan pangungsen kan aman. Ben bebaya kasebut cepet sirna, para warga kudu mbakar tempe lan nyumet obor ing ngarep omahe. Kejaba saka iku anakna Slametan sega gunung, wujude sega tumpeng.

Sawise rampung anggone semedi, Bapa Sepuh banjur metu saka pamujan. Banjur paring dhawuh marang Ki Lurah kang nunggu ana ing pendhapa. Sabanjure Ki Lurah nyiarake marang warga desa Tlogolele. Para warga desa Tlogolele terus padha gawe sega gunung banjur digawa menyang omahe Ki Modin saperlu didongani.

Nganti seprene warga desa Tlogolele percaya menawa ora kena nuthuk kenthongan. Menawa ora ana wong kang nuthuk kenthongan, desa Tlogolele ora bakal keterjang wedhus gembel maneh.

Terjemahan:

7. AWAN WEDUS GEMBEL

Udara sejuk daerah Tlogolele tiba-tiba berubah menjadi panas. Banyak penduduk desa yang kegerahan. Binatang-binatang pun banyak yang kepanasan. Kijang, menjangan, kera, harimau, ular, dan binatang lainnya keluar dari sarang mereka mencari tempat yang sejuk.

Baru saja Ki Jagabaya pulang dari Pasar Sunggingan, ia diberitahu oleh penduduk Tlogolele bahwa banyak binatang hutan yang turun dari gunung.

Ki Jagabaya terkejut.

"Ini pertanda Gunung Merapi akan meletus," gumamnya.

Perkiraan Ki Jagabaya tidak meleset. Tidak lama lalu terdengar suara gemuruh diikuti semburan asap tebal dari puncak Gunung Merapi. Asap itu berbentuk seperti jamur barat yang besar sekali dan menjulang ke langit. Bersamaan dengan itu datang angin kencang menerjang desa Tlogolele. Ki Jagabaya segera memukul kentongan titir dengan maksud agar penduduk desa Tlogolele segera mengungsi.

"Tong ... tong ... tong ... tong... tong ... tong ... tong ... tong... tong ...," demikian suara kentongan titir itu.

Penduduk Tlogolele mendengar suara kentongan titir itu terkejut. Mereka gugup dan berhamburan keluar rumah tak tentu arahnya. Ada yang lari ke timur, barat, utara, dan selatan. Bahkan karena bingung dan gugup banyak penduduk yang terpeleset masuk ke dalam jurang. Banyaklah korban berjatuhan.

"Tong ... tong ... tong ... tong... tong ... tong ... tong ... tong... tong ...," Ki Jagabaya memukul kentongan lagi sambil berteriak-teriak, "*Wedus gembel* 'kabut tebal yang sangat panas bentuknya seperti bulu kambing domba' datang ...! *Wedus gembel* datang ...! *Wedus gembel* datang ...!"

Mendengar teriakan Ki Jagabaya itu penduduk Tlogolele semakin ketakutan. Tidak berapa lama bertiup angin sangat kencang diikuti awan *wedus gembel* Tlogolele. Semua kehidupan yang terkena *wedus gembel* hangus menjadi abu atau melepuh. Banyak orang dan binatang yang mati. Jerit dan tangis terdengar di mana-mana.

Para perangkat desa dan sesepuh desa berkumpul di balai desa.

"Ki Lurah," kata Ki Jagabaya, "Bayak penduduk Tlogolele yang menjadi korban *wedus gembel*. Lima puluh orang meninggal, seratus orang luka parah, dan dua ratus luka ringan."

Ki Lurah Tlogolele kelihatan sangat sedih dan terpukul karena penduduknya tertimpa bencana. Ia mengusap air matanya lalu berkata, "Marilah kita rawat korban *wedus gembel*. Mereka yang sakit kita rawat bersama, sedangkan yang meninggal kita kubur secara baik-baik."

Para wanita yang terhindar dari bencan secara sukarela merawat korban yang terluka. Sedangkan para lelaki menggali kubur untuk korban bencana yang meninggal. Upacara pemakaman dam pembacaan doa dipimpin oleh Ki Modin.

Setelah upacara pemakaman selesai, Ki Lurah Telogolele dan bawahannya mengantarkan pulang *Bapa sepuh* 'orang tua yang menjadi panutan' penduduk Tlogolele. Ia dapat berhubungan dengan para arwah nenek moyang penduduk Tlogolele.

"Nak Mas Lurah," kata *Bapa Sepuh* begitu sampai di rumahnya, "Aku ingin berkomunikasi dengan arwah para leluhur kita. Mudah-mudahan mereka memberi petunjuk sehingga malapetaka ini tidak terulang lagi."

"Silahkan, *Bapa Sepuh*," kata Ki Lurah dengan hormat.

Bapa sepuh masuk ke tempat pemujaan. Ia bersemedi hendak berkomunikasi dengan arwah leluhur penduduk Tlogolele. Tidak lama kemudian datanglah arwah cikal bakal penduduk Tlagalele.

"Cucuku, ada masalah apa?"

"Warga Tlogolele mohon petunjuk agar selamat dari bencana alam ini," pinta *Bapa Sepuh.*

"Cucuku, katakan kepada seluruh penduduk Tlogolele. Jika ada bahaya datang mereka tidak boleh ribut. Pikiran mereka harus tenang karena kalau ribut pasti akan banyak korban. Mulai hari ini penduduk Tlogolele tidak kuperbolehkan memukul kentongan. Bunyi kentongan titir itulah yang membuat penduduk Tlogolele gugup dan bingung."

"Kalau tidak boleh memukul kentongan, bagaimana cara memberi tahu penduduk jika ada bahaya? Dan bagaimana pula cara menolak bahaya itu?" tanya *Bapa Sepuh*.

"Jika bahaya itu datang, penduduk harus diberi tahu secara lisan dan tunjukkanlah mereka ke tempat pengungsnsian. Agar bahaya itu cepat berlalu, setiap penduduk harus membakar tempe serta menyalakan obor di depan rumahnya. Selain itu, Adakananlah kenduri *sega gunung* 'nasi tumpeng'.

Setelah selesai bersemedi *Bapa Sepuh* keluar dari tempat pemujaan. Ia melaporkan hasil semedinya kepada Ki Lurah di pendapa. Ki Lurah memberitahukan hal itu kepada penduduk Tlogolele. Para warga kemudian membuat *sega gunung* di bawa ke rumah Ki Modin untuk dibacakan doa-doa.

Sampai sekarang penduduk Tlogolele masih mempercayai pantangan memukul kentongan. Mereka yakin jika tidak memukul kentongan *wedus gembel* tidak akan melanda desa Tlogolele.

8. BENDHE KYAI MACAN

Kebokenanga duwe sedulur lanang kang arane Kebokanigara. Saklorone putrane Adipati Handayaningrat, putra mantu Prabu Brawijaya V. Kebokanigara nglakoni tapa ana ing gunung Merapi nganti ora kocap kabare. Dene Kebokenanga tetep manggon ana ing Pengging. Sabanjure Kebokenanga diarani Ki Ageng Pengging.

Wis sawetara tahun iki Ki Ageng Pengging ora nate sowan ngadhep Sultan Bintara ing Demak. Nganti Kanjeng Sultan Bintara cubriya lan duwe pangira menawa Ki Ageng Pangging bakal jumeneng nata ing Pengging. Sang Nata banjur ngutus mantri cacah loro menyang Pengging. Mantri sakloron iku sigra budhal menyang Pengging, terus ngadhep Ki Ageng Pengging.

Mantri cacah loro iku banjur ngaturake sungkem marang Ki Ageng Pengging, banjur ngunjukake atur, "Kula kekalih minangka utusanipun Kanjeng Sultan Bintara ing Demak, bilih jengandika katimbalan marak sowan dening Kanjeng Sultan ing Demak."

"Ya, aturmu wis tak tampa. Wruhanira, menawa Kanjeng Sultan ora kersa menggalihake adeging santri ing karang padesan, aku ora bakal sowan menyang Demak." Mengkono sabdane Ki Ageng Pengging, "Aturna salam taklimku marang Kanjeng Sultan Bintara ing Demak."

Duta kang kapisan ora oleh gawe. Kanjeng Sultan Bintara banjur nimbali Ki Wanasalam, kinen maringake nawala menyang Pengging.

"Ki Wanasalam, Nawala iki aturna marang Ki Ageng Pengging," dhawuhe sang Nata sinambi maringake nawala kang surasane nimbali Ki Ageng Pengging diaturi seba.

Ki Wanasalam banjur budhal menyang Pengging den iringi prajurit cacahe papat. Nawala wis katampa dening Ki Ageng Pengging, nanging dheweke tewtep ora gelem sowan menyang Demak. Ki Wanasalam banjur atur pepenget marang Ki Ageng Pengging, "Becike ndika enggal marak sowan. Pikiren sajroning telung warsa. Yen wis rampung anggonmu mikir enggal sowana marang Kanjeng Sultan ing Demak."

Kocapa, Kanjeng Sultan Bintara nyranteake nunggu nganti telung tahun. Nanging Ki Ageng Pengging meksa durung ngadhep. Kanjeng Sultan wis entek kesabaarane. Sabanjure Kanjeng Sultan nimbali Sunan Kudus supaya dadi duta kang pungkasan.

"Sunan Kudus, aku wis nimbali Ki Ageng Pengging ping pindho. Nanging Ki Ageng Pengging tetep mbegugug makutha waton, ora gelem ngadhep aku. Sira tak utus dadi duta mungkasi. Yen Ki Ageng Pengging meksa ora gelem seba menyang Demak, sira dak wenehi purbawasesa. Dina iki uga sira enggal budhala menyang Pengging."mengkono dhawuhe sang Nata.

Sunan Kudus sida budhal menyang Pengging nggawa pusaka piyandele kang aran Bendhe Kyai Macan. Kaluwihane pusaka iki menawa dithuthuk

ngetokake swara kang gembleger, kaya swara macan sak alas muni bebarengan. Sunan Kudus den iring prajurit kang pinilih cacah pitu. Lakune ngener mangidul. Miyak alas gung liwang-liwung, ngliwati desa ngadesa.

Bareng wis meh ngancik wayah surup lakune Sunan Kudus tekan ing desa sakpinggire alas. Sunan Kudus ora kersa nginep ana ing desa iku, nanging milih sare ana saklore kali Cemara.

Nganti tengah wengi Sunan Kudus durung sare. Dheweke pengin nyoba kasektene pusaka Bendhe Kyai Macan. Sawise ngeningake cipta, Bendhe Kyai Macan banjur di tabuh. Pancen dasar kepara nyata, swara bendhe mau banter banget kadya swarane macan sak alas muni bareng. Warga sak kiwa tengene kali cemara padha miris, ngira menawa ana macan gerombolan macan kang metu saka alas arep mangsa rajakaya duweke warga ing kono. Ora ana warga kang wani metu saka njeron omah.

Esuke, bareng wis padhang njingglang para warga desa lagi wani padha metu saka njeron omah. Kabeh padha gumun amarga ora ana rajakaya kang padha kamangsa dening macan.

"Tiba aneh temen. Sewengi nutug kaya keperungu swarane macan mlebu ndesa kene, kok ora ana tepake babar blas," kandhane Pak Marta kanthi sora.

"Sajake macan-macan mau isih ndhelik ing njeron guwo sapinggire kali Cemara," saurane Pak Pece.

Pak Marta lan warga desa liyane banjur padha menyang kali Cemara. Ora ana kang nemokake tepak macan ing kono. Nanging malah ketemu

karo rombongane Sunan Kudus kang lagi padha sareyan ana pinggir kali.

Pak Marta banjur takon marang wong-wong iku, "Panjenengan menika sinten?"

"Kula sakrencang saking Pengging, badhe pados tanduran obat-obatan," jawabe Sunan Kudus sak kecandhake, amarga aja nganti kewiyak sapa sejatine dheweke iku.

"Menapa kala wau dalu Ki Sanak ngertos grombolan macan mlebet desa mriki?"

"Kados mboten wonten kemliweripun macan ing mriki," jawabe Sunan Kudus.

Warga desa banjur padha ngumpul karo rombongane Sunan Kudus. Sunan Kudus banjur paring pangandika, "Amarga ing kene keprungu swarane macan, nanging sejatine ora ana macan kang kemliwer mlebu desa kene. Mula besok rejaning jaman papan kene tak wenehi tetenger SIMA. Sima iku tegese macan."

Sunan Kudus sak kancane banjur ninggalake desa Sima. Lakune terus mangidul munggah gunung mudhun gunung, nyabrang Kali Buthak lan Kali Pepe, nganti tekan ing Pengging.

"Ki Ageng Pengging, aku minangka duta mungkasi saka Kanjeng Sultan Bintara. Menawa Ki Ageng isih ngakoni ratu gustine ing Demak, enggal-enggal ngadhep sowan Kanjeng Sultan Bintara ing Demak. Menawa Ki Ageng tetep mbegugug makutha waton, aku pinaringan purbawasesa marang pati uripmu," mengkono sabdane Sunan Kudus marang Ki Ageng Pengging.

"Aku patenana. Nanging anak putuku lan kawulaku ing Pengging aja kok ganggu,"ature Ki Ageng Pengging pasrah," Beleken sikutku iki."

Sunan Kudus banjur mbelek sikute Ki Ageng Pengging. Padha saknalika Ki Ageng Pengging banjur seda. Anak putu lan kawula ing Pengging nandhang sungkawa. Kabeh padha kebranang atine, terus padha ngoyak playune Sunan Kudus. Sunan Kudus banjur nuthuk pusaka Bendhe Kyai Udan Arum. Padha sanalika dadi udan gremis, nanging wadyabala Pengging tetep ngoyak. Sunan Kudus banjur nuthuk pusaka Bendhe Kyai Macan. Ora ngerti sankan paraning bilahi, dumadakan banjur teka prajurit pirang-pirang ewu. Wadyabala Pengging isih terus ngoyak prajurit-prajurit kasebut. Sabanjure Sunan Kudus banjur ngetokake kasektenira nganti wadyabala Penging dadi bingung ora ngerti lor kidul.

Sawise lolos saka pangoyake wadyabala Pengging, Sunan Kudus lan rombongan banjur bali menyang Demak maneh. Kanjeng Sultan Bintara banget suka renaning penggalihe amarga Sunan Kalijaga bisa ngrampungake kewajibane kanthi becik.

Terjemahan:

8. BENDHE KYAI MACAN

Kebokenanga mempunyai saudara laki-laki bernama Kebokanigara. Mereka adalah putra Adipati Handayaningkrat, menantu Prabu Brawijaya. Kebokanigara bertapa di Gunung Merapi hingga tidak terdengan kabar beritanya. Sedangkan Kebokenanga tetap menetap di Pengging. Itulah sebabnya Kebokenanga kemudian dikenal dengan sebutan Ki Ageng Pengging.

Telah beberapa tahun Ki Ageng Pengging tidak menghadap Sultan Bintara di Demak. Sultan Bintara mulai mencurigai Ki Ageng Pengging hendak mendirikan Kerajaan di Pengging. Ia pun mengutus dua orang mantri ke Pengging. Kedua mantri itu segera pergi ke Pengging menghadap Ki Ageng Pengging.

Kedua mantri itu memberi hormat kepada Ki Ageng Pengging.

"Kami diperintahkan oleh Sultan Bintara," kata mantri yang tua, "Ki Ageng Pengging dipanggil Sultan Bintara agar segera menghadap ke Demak."

"Selama Sultan Bintara tidak memperhatikan para santri di pedesaan aku tidak akan menghadap ke Demak," kata Ki Ageng Pengging, "Sampaikan saja salam hormatku kepada Beliau."

Utusan pertama itu gagal membawa Ki Angeg Pengging ke Demak. Sultan Bintara kemudian menulis surat yang intinya pemanggilan Ki Ageng Pengging.

"Ki Wanasalam, sampaikan surat ini kepada Ki Ageng Pengging," perintah Sultan Bintara. Ki Wanasalam pun berangkat ke Pengging bersama empat orang bawahannya. Ki Ageng Pengging menerima surat itu, tetapi ia tetap tidak mau menghadap Sultan Bintara di Demak. Ki Wanasalam memberi nasihat, "Sebaiknya Ki Ageng Pengging segera menghadap kepada Sultan Bintara. Ki Ageng diberi batas waktu selama tiga tahun untuk memikirkannya."

Batas waktu yang ditentukan oleh Sultan Bintara telah genap tiga tahun. Akan tetapi, Ki Ageng Pengging belum menghadap kepadanya. Habislah kesabaran Sultan Bintara. Ia memanggil Sunan Kudus untuk dijadikan duta terakhir.

"Sunan Kudus, aku telah dua kali memanggil Ki Ageng Pengging. Tetapi Ki Angeng Pengging tetap tidak mau menghadap kepadaku. Jika Ki Ageng Pengging bersikukuh tidak mau datang ke Demak, engkau kuberi wewenang penuh. Hari ini juga berangkatlah ke Panggilah," titah Sultan Bintara.

Sunan Kudus berangkat ke Pengging membawa pusaka andalannya, yaitu *Bendhe Kyai Macan.* Keistimewaan pusaka ini apabila dipukul mengeluarkan suara nyaring, bagaikan suara harimau satu hutan. Ia berjalan ke arah selatan diiringkan tujuh orang kepercayannya. Mereka masuk hutan keluar hutan dan melewati desa-desa terpencil. Menjelang malam Sunan Kudus sampai di

sebuah desa yang terletak di pinggiran hutan. Sunan Kudus dan rombongan tidak mau menginap di desa itu. Mereka memilih bermalam di sebelah utara Sungai Cemara.

Tengah malam Sunan Kudus belum tidur. Ia ingin mencoba kesaktian *Bendhe Kyai Macan.* Ia mengheningkan cipta sebentar lalu memukul bendhe itu. Benar, suara bendhe itu sangat keras bagaikan suara harimau satu hutan. Penduduk sekitar Sungai Cemara ketakutan. Mereka mengira ada serombongan harimau masuk desa dan menyerang ternak mereka. Akan tetapi, penduduk desa tidak ada yang berani keluar rumah.

Keesokan harinya penduduk desa baru berani keluar rumah. Mereka sangat heran karena tidak ada satu ternak pun yang hilang.

"Sungguh aneh. Semalam ada segerombolan harimau masuk desa kita, tetapi jejak kakinya tidak ada," kata Pak Marta setengah berteriak.

"Mungkin harimau-harimau itu bersembunyi di gua-gua di pinggir Sungai Cemara," sahut Pak Pece.

Pak Marta dan penduduk desa lainnya menuju ke Sungai Cemara. Mereka tidak mendapati harimau. Namun, mereka bertemu dengan rombongan Sunan Kudus sedang tiduran di pinggiran sungai.

Pak Marta beertanya kepada mereka, "Siapakah sebenarnya Ki Sanak ini?"

Sunan Kudus tetap menyembunyikan jati dirinya, "Kami warga Pengging. Kami sedang mencari tanaman obat-obatan."

"Apakah semalam Ki Sanak tidak melihat segerombolan harimau masuk ke desa kami?"

"Tidak. Kami tidak melihat seekorpun," jawab Sunan Kudus.

Penduduk desa berkumpul dengan rombongan Sunan Kudus. Sunan Kudus lalu bersabda, "Karena semalaman terdengar suara segerombolan harimau, namun kenyataannya tidak ada seekor pun harimau yang memasuki desa ini. Maka desa ini saya beri nama *Sima*. Sima berarti macan atau harimau.

Rombongan Sunan Kudus meninggalkan desa Sima. Mereka menuju ke aras selatan naik turun bebukitan, menyeberangi Sungai Buthak dan Sungai Pepe. Akhirnya, mereka sampai kediaman Ki Ageng Pengging.

"Ki Ageng Pengging, aku menjadi utusan terakhir Sultan Bintara. Jika Ki Ageng Pengging masih mengakui Kerajaan Demak, segeralah menghadap Sultan Bintara. Jika Ki Ageng Pengging tetap tidak mau menghadap, aku diberi kekuasaan penuh menentukan hidup matimu," kata Sunan Kudus tegas.

"Bunuhlah aku. Tetapi, anak cucuku dan penduduk Pengging jangan diganggu," kata Ki Ageng Pengging pasrah, "Belahlah siku-sikuku ini."

Sunan Kudus membelah siku-siku Ki Ageng Pengging. Seketika itu juga Ki Ageng Pengging meninggal dunia. Anak cucu serta seluruh penduduk Pengging berduka-cita. Mereka sangat marah dan mengejar Sunan Kudus. Sunan Kudus memukul bendhe Kyai Udan Arum. Seketika itu turun hujan gerimis, tetapi wadyabala Pengging tetap mengejarnya. Sunan Kudus lalu memukul bendhe Kyai Macan sehingga muncullah ribuan

prajurit. Namun wadyabala Pengging terus menyerang prajurit itu. Selanjutnya, Sunan Kudus mengeluarkan kesaktiannya sehingga wadyabala Pengging menjadi bingung tidak tahu arah.

Setelah lolos dari kejaran wadyabala pengging, Sunan Kudus dan robongannya kembali ke Kerajaan Demak. Sultan Bintara sangat senang karena Sunan Kudus dapat melaksanakan tugasnya dengan baik.

9. KI AGENG SINGAPRANA

Ki Ageng Singaprana iku salah sawijine pujangga saka Kraton Mataram. Dheweke seneng laku tapa lan tetulung marang wong kang kesusahan. Ngelum kasampurnaning Ki Ageng Singaprana wis satataran karo ngelmune para wali. Sabanjure Ki Ageng Singaprana kondhang karan Singawalen.

Sawise ninggal praja Mataram, Ki Ageng Singaprana mapan ana ing desa Sambireja. Ing kono dadi tani utun, ngingu rajakaya lan iwen-iwen. Kajaba saka iku, piyambake kagungan kewan klangenan macan putih cacahe loro lan jaran pancal panggung cacahe siji. Kasenengane Ki Ageng Singaprana kawit timure kang ora nate kelalen yaiku ngumbulake layangan.

Sore iku Ki Ageng Singaprana lagi ngumbulake layangan, dumadakan layangane oling. Layangan iku banjur dibenerake, tanpa ngudhunake luwih dhisik, nanging terus menek benang layangane iku anggone ndandani layangan.

Sawijining dina Ki Ageng Singaprana arep tindak jagong kondangan. Dheweke banjur pamitan marang keng garwa,"Nyi, aku arep jagong dhisik. Kowe ora sah melu."

"Nggih, Kyai," ature Nyi Ageng Singaprana, "Nanging menapa Ki Ageng mboten lingsem, kok nyandhang kados kere ngemis makaten?"

"Ora! Aku pancen njarag amarga kang duwe gawe wonge angkuh banget, ora gelem ngurmati wong sudra. Arep tak gawe kapok manungsa iku."

Ki Ageng Singaprana banjur budhal jagong menyang nggone wong kuwi. Papane rada adoh nganti kringete dleweran. Piyambake banjur leren ana sangisoring wit gedhe kang edhum. Disawang kanthi premana papan panggonan pahargyan iku, latare katon amba banget lan omahe uga gedhe digawe saka kayu jati. Ing pendhapa gamelane wis katata apik, sindhen lan niyaga wis siap tandang gawe. Para tamu uga wis wiwit padha rawuh nagem sandhangan kang endah-endah.

"He ..., hee ... sapa kowe? Wong ngemis dudu kene papanmu!" unine wong kang duwe gawe iku karo nggetak.

"Kula badhe ndherek jagong, den," Jawabe Ki Ageng Singaprana.

"Papanmu dudu kene. Iki papan kanggo para tamu agung. Wis, kana gek ndang lunga kana, gawe isin wae ...!"

Ki Ageng Singaprana rumangsa yen dheweke ora dikurmati, banjur bali mulihsalin klambi kang apik. Klambi iku anggone tuku nalika isih dadi pujangga ing Kraton Mataram. Ki Ageng Singaprana banjur bali maneh menyang papan pahargyan numpak jaran pancal panggung kang dadi klangenane. Ing kono Ki Ageng Singaprana disubya-subya kayadene tamu agung.

"Mangga mlebet," wong kang duwe gawe iku mbagekake rawuhe Ki Ageng Singaprana lan banjur didherekake menyang papan palungguhan, dijejerake karo lenggahe Ki Demang.

Ora let suwe banjur ana sinoman kang ngeterake dhaharan kang enak-enak ing meja sangarepe Ki Ageng Singaprana lenggah. Kang duwe gawe banjur nyedhaki Ki Ageng Singaprana karo manggakake,"Mangga, unjukanipun ..."

"Ora sah. Aku emoh nampa suguhanmu iki, kabeh iki mau wenehna marang klambi lan jaran kae, amarga kang kok subya-subya kuwi dudu aku nanging klambi lan jaranku," ujare Ki Ageng Singaprana.

"Kados pundi kersanipun?" kang duwe omah takon marang Ki Ageng Singapranakaro ketok bingung.

"Ngene, aku mau teka mrene nyandhang kere ngemis banjur kok tundhung lunga. Saiki bareng aku salin sandhangan kang endah lan tekaku nunggang jaran, banjur kok subya-subya kaya tamu agung. Dadi sing kok subya-subya kuwi aku, nanging sandhangan lan jaranku iki."

"Adhuh, den, Kula nyuwun gunging pangapunten. Kula ngaku lepat,den ... ," ature wong kang duwe gawe kuwi marang Ki Ageng Singaprana.

"Ya, wis. Luputmu tak paringi pangapura. Nanging, eling-elingen sira aja pisan-pisan ngremehake wong liya mung merga sandhangan, dhuwit, derajat lan pangkat," tuture Ki Ageng Singaprana katon wibawane.

"Wiwit dina iku wis owah tabiate, sing biyen katon angkuh saiki wis malih dadi apik lan wis ora nate mbedak-mbedakake marang wong liya."

Sawijining dina ing omahe Ki Ageng Singaprana ana wong ngemis teka. Wektu semana sing ana ngomah mung Nyi Ageng Singaprana. Ki Ageng Singaprana lagi tindak menyang sawah.

"Wah, lagi repot. Njaluk liyane dhisik!" ature Nyi Ageng Singaprana.

"Sanese sampun," jawabe wong ngemis iku.

Nyi Ageng Singaprana banjur nesu lan nundhung lunga marang wong ngemis iku. Nanging wong ngemis iku panggah ora gelem lunga. Wong iku pengin ketemu karo Ki Ageng Singaprana. Nyi Ageng Banjur matur marang kakunge, "Ki Ageng, tiyang ngemis menika pengin panggih jengandika .."

"Ooo, Nyi ...Nyi ..., kowe aja sewiyah wiyah marang sapadha-padhaning manungsa. Dheweke uga titahing Hyang Widhi," ature Ki Ageng Singaprana nuturi garwane banjur terus nemoni wong ngemis iku.

Dasare pancen wong kang linuwih lan lantip panggraitane, Ki Ageng Singaprana wis pirsa menawa kang diarani wong ngemis iku dudu wong sakbaene. Mula banjur nemoni tamune kang pengin sapatemon karo dheweke iku. Temenan, bareng diwaspadakake kanthi premana, jebul Kanjeng Sultan ing Mataram kang rawuh. Ki Ageng Singaprana banjur ndhodhok karo ngaturake sungkem.

"Kanjeng Sultan, sembah kula katur. Kula nyuwunaken pangapunten awit garwa kula sampun tumindak lancang."

"Ya, wis ora dadi apa, kakang Singaprana. Bojomu ora luput, amarga aku kang njarag ngagem sandhangan kaya ngene. Yen pinuju nganggo ageman kaya ngene iki aku siap nampa kedadean kaya mangkene iki." Sabdane Kanjeng Sultan Mataram.

Sultan Mataram banjur kadherekake menyang pendhapa kanggo nerusake anggone rembugan.

"Kanjeng Sultan, sakderengipun kula nyuwun gunging pangapunten, dene Sang Prabu ngantos keraya-raya nilar praja, tanpa pandherek dhateng gubug kula mriki, mengku wigatos menapa?"

"Sakjane aku uga nganthi prajurit kang ana sakjabaning desa Sambireja kene. Tekaku mrene ora duwe sedya apa-apa. Aku mung pengin njajah desa milangkori, pengin mangerteni kahanan ing karang padesan kang saknyatane, amarga menawa mung manut pelapurane para punggawaning praja mung kang becik-becik wae kang dilapurake," sabdane sang Nata.

Sakbanjure Kanjeng Sultan Mataram ngersakake nonton kahanan ing padhukuhan kang banjur didherekake Ki Ageng Singaprana. Kanjeng Sultan rumangsa marem, pranyata kahanan ing padhukuhan tansah ayem tentrem. Tanduran pari katon kuning-kuning, rajakaya lan iwen-iwen katon lemu-lemu.

Sawise cukup perlune, Kanjeng Sultan banjur kondur menyang praja maneh. Ki Ageng Singaprana banjur mrepegi garwane karo nuturi," Nyi, kedadeyan mau minangka tuladha. Aja nganti sewiyah-wiyah marang sapadha-padhane titah. Amarga wong urip iku yen pengin kajen keringan kudu bisa ngajeni marang liyan. Dene kang diajeni kuwi manungsane, dudu sandhang panganggone."

"Inggih, Ki Ageng ..., badhe kula enget-enget saestu, mboten badhe kula wangsuli malih."

Terjemahan:

9. KI AGENG SINGAPRANA

Ki Ageng Singaprana adalah seorang pujangga Kerajaan Mataram. Ia suka bertapa dan berderma kepada orang yang kesusahan. Ilmu kesempurnaan Ki Ageng Singaprana dapat di sejajarkan dengan para wali. Itulah sebabnya Ki Ageng Singaprana mendapat julukan Singawalen.

Setelah meninggalkan istana, Ki Ageng Singaprana tinggal di desa Sambireja. Ia bertani sambil berternak berbagai binatang ternak dan unggas. Selain itu, ia mempunyai binatang kelangenan, yaitu dua ekor macan putih dan seekor pacal punggung. Kegemaran Ki Ageng Singaprana sedari kecil yang tidak ia tinggalkan adalah bermain layang-layang.

Sore itu Ki Ageng Singaprana bermain layang-layang dan tiba-tiba layang-layangnya oling. Ia membetulkan layang-layang itu tanpa menurunkan layang-layang itu lebih dahulu. Ia memanjat benang layang-layang lalu membetulkannya.

Pada suatu hari Ki Ageng Singaprana hendak pergi *jagong* 'kondangan'. Ia berpamitan kepada istrinya, "Nyi, aku akan *jagong*. Kamu tidak usah ikut."

"Ya, berangkatlah," jawab istri Ki Ageng, "Tetapi, apakah Ki Ageng tidak malu berpakaian seperti pengemis begitu?"

"Tidak! Aku tidak akan malu karena yang punya hajat orang sombong, tidak menghargai orang misikin. Aku akan memberi pelajaran kepadanya."

Ki Ageng Singaprana bergegas ke tempat orang punya hajat. Tempatnya agak jauh sehingga keringatnya bercucuran. Ia berhenti di bawah sebuah pohon rindang. Dipandanginya tempat hajatan itu sangat besar, halamannya pun sangat luas dan rumahnya besar terbuat dari kayu jati. Di Pendapa gamelan sudah tertata rapi, sindhen dan niyaga telah siap di tempatnya. Para undangan mulai berdatangan mengenakan pakaian serba indah.

"He ..., hee ... siapa kamu? Pengemis tidak boleh masuk ke sini!" bentak orang yang punya hajat itu.

"Aku akan ikut *jagong* Tuan," jawab Ki Ageng Singaprana.

"Tempatmu bukan di sini. Ini tempat undangan orang-orang terhormat. Cepat pergi dari sini! Bikin malu saja ..."

Ki Ageng Singaprana merasa dirinya tidak dihargai. Ia segera pulang berganti dengan pakaian yang yangat indah. Pakaian itu dibeli ketika ia masih menjabat pujangga di Kerajaan Mataram. Ki Ageng Singaprana kembali lagi ke tempat hajatan itu naik kuda pancal punggung miliknya. Setibanya di tempat hajatan Ki Ageng Singaprana disambut sebagai tamu agung.

"Silakan masuk," sambut tuan rumah itu ramah seraya menggandeng tangan Ki Ageng Singaprana ke tempat duduk Ki Demang.

Tidak berapa lama Ki Ageng Singaprana duduk, diantaralah berbagai makanan yang enak-enak ke menja Ki Ageng Singaprana. Tuan rumah mempersilahkan Ki Ageng Singaprana mencicipi hindangannya, "Silahkan ..."

"Tidak usah. Aku tidak mau menerima penghoramatan ini. Berikan semua ini kepada kuda dan pakaianku karena yang engkau hormati hanya kuda dan pakaianku;" kata Ki Ageng Singaprana.

"Maksudnya bagaimana?" tanya tuan rumah keheranan.

"Begini, tadi aku telah datang kemari memakai pakaian compang-camping dan engkau mengusirku. Tetapi, setelah aku datang kemari memakai pakaian bagus dan naik kuda, engkau sambut aku dengan ramah. Jadi yang engkau hormati bukan aku, tetapi kuda dan pakaianku."

"Aduh, Tuan. Saya mengaku salah dan mohon maaf," kata tuan rumah sambil bersujud.

"Baiklah. Kesalahanmu kumaafkan. Tetapi, ingat-ingatlah kamu jangan sekali-kali meremehkan orang lain hanya karena pakaian, uang, derajat, dan pangkat," kata Ki Ageng Singaprana penuh wibawa.

Sejak kejadian itu tuan rumah yang mempunyai hajat itu tabiatnya berubah. Ia menjadi baik kepada setiap orang dan tidak sombong.

Pada suatu hari di rumah Ki Ageng Singaprana kedatangan seorang pengemis. Ketika itu Ki Ageng Singaprana baru saja pulang dari sawah dan makan siang bersama istrinya.

"Sedang repot. Minta ke tempat lain saja!" kata Nyi Ageng Singaprana,

"Lainnya sudah," jawab pengemis itu.

Nyi Ageng Singaprana sangat marah lalu mengusir pengemis itu. Tetapi, pengemis itu tidak mau pergi. Pengemis itu ingin bertemu dengan Ki Ageng Singaprana. Nyi Ageng Singaprana memberitahu suaminya Ki Ageng Singaprana.

"Ki Ageng, itu ada pengemis."

"Ooo, Nyi ..., kamu jangan semena-mena kepada sesama manusia. Ia makhluk Tuhan pula," kata Ki Ageng Singaprana seraya berjalan keluar menemui pengemis itu.

Ki Ageng Singaprana memang orang yang selalu waspada sehingga ia tahu pengemis di hadapannya itu bukan pengemis sembarangan. Setelah memperhatikan muka pengemis itu tahulah Ki Ageng Singaprana bahwa pengemis itu adalah Sultan Mataram.

"Kanjeng Sultan Mataram, hamba mohon maaf atas kelancangan istri hamba," kata Ki Ageng Singaprana sambil memberi hormat.

"Ya, tidak apa-apa, Singaprana. Istrimu tidak bersalah karena aku memang berpakaian pengemis. Dengan berpakaian seperti ini aku siap menerima perlakuan seperti itu," kata Sultan Mataram.

Sultan Mataram dan Ki Ageng Singaprana berjalan ke pendapa untuk melanjutkan pembicaraannya.

"Hamba mohon ampun. Ada maksud apa Tuan ke gubug hamba tanpa pengawal," kata Ki Ageng Singaprana sambil menyembah.

"Aku membawa pengawal. Mereka ada di luar desa Sambireja. Kedatanganku ke sini tidak mepunyai maksud apa-apa. Aku sekeder keliling desa untuk mengetahui keadaan yang sesungguhnya di pedesaan. Para pamong praja biasanya hanya melaporkan hal-hal yang baik saja," kata Sultan Mataram.

Ki Ageng Singaprana kemudian mengantar Sultan Mataram keliling ke desa-desa. Hati Sultan Mataram sangat senang melihat keadaan pedesaan yang aman, tentram, dan damai. Tanaman padi tampak telah menguning, ternak dan unggas gemuk-gemuk, dan rakyat pedesaan hidup makmur.

Setelah puas berkeliling pedesaan, Sultan Mataram kembali ke Mataram. Ki Ageng Singaprana pun kembali ke rumahnya.

"Nyi, kejadian tadi merupakan salah satu contoh keburukanmu," kata Ki Ageng Singaprana, "Pengemis yang kamu usir tadi adalah Sultan Mataram."

Nyi Ageng Singaprana ketakutan, "Ya. Ki Ageng. Aku memang salah," kata Nyi Ageng gemetaran.

"Nyi Ageng, jika kita ingin dihormati orang lain kita harus menghormati orang lain lebih dulu. Yang kita hormati itu orangnya, bukan pakaian atau pangkatnya."

Nyi Ageng Singgaprana mengangguk-angguk

"Nasihat Ki Ageng akan selalu kuingat."

PERPUSTAKAAN
PUSAT BAHASA
DEPARTEMEN PENDIDIKAN NASIONAL

DAFTAR PUSTAKA

Danandjaja, James. 1986. *Foklor Indonesia: Ilmu Gosip, Dongeng, dan lain-lain.* Jakarta: Pustaka Grafitipress.



Karya sastra, baik sastra lama maupun sastra modern, yang ditulis dalam berbagai bahasa dan dengan berbagai sistem aksara di pelbagai wilayah Nusantara, pada hakikatnya adalah salah satu puncak pencapaian kebudayaan suku-suku bangsa di Indonesia. Sebagai khazanah budaya bangsa, karya-karya tersebut perlu dilestarikan. Upaya pelestarian yang dapat dilakukan antara lain dengan cara mempublikasikannya supaya dapat dibaca, dikaji, dan dimanfaatkan oleh seluruh masyarakat Indonesia. Cerita Rakyat Kabupaten Boyolali yang berisi cerita rakyat yang ada di tanah Boyolali merupakan salah satu karya yang mempu[illegible]likasikan sastra daerah untuk dibaca khalayak seluruh N[illegible]antara.

398.

ISBN 979-685-575-5